ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№13 (24.763) • 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 31, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» программэр гъуэгу техьакIэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Iэ щIидзащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» программэщIэр зэраутIыпщым теухуа унафэм. ЩIышылэм и 29-м Iэтащхьэм иригъэкIуэкIащ ар зыгъэзэщIэну жылагъуэ советым хэтхэм я япэ зэIущIэр. Абы хыхьащ къэрал къулыкъущIэхэр, щIыпIэ самоуправленэм и лэжьакIуэхэр, дзэм, хабзэхъумэ органхэм, цIыхубэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэр.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, **КIуэкIуэ Казбек** жиIащ:

- Илъэс блэкIам и гъатхэпэм ди Президент Путин Владимир и унафэкIэ «ЛIыхъужьхэм я зэман» программэр гъуэгу техьауэ щытащ, дзэ Iуэху хэхам хэтахэр къэрал, муниципальнэ къулыкъущIапIэхэмрэ къэралым епха IуэхущIапIэхэмрэ щылэжьэным хуэгъэхьэзырыным хуэунэтIауэ. Программэр «Сенеж» управленэмкIэ лъэщапIэмрэ РАНХиГС-мрэ я нэIэ щIэтщ. Абы хэтын папщIэ, гъатхэ кIуам цIыху мин 44-м лъэIу тхылъхэр ятри, япэ гъэ еджэгъуэм цIыху 83-рэ хиубыдауэ щытащ. «ЛIыхъужьхэм я зэман» программэм и япэ еджэгъуэр къэзыуха цIыху 18-р жэуаплыныгъэ зыпылъ IэнатIэхэм ягъэувакIэщ.

Зи гугъу тщIы программэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр 2024 гъэм и щэкIуэгъуэм яутIыпщащ. Абы хагъэхьэнухэр къыхахын папщIэ, цIыху мин 20-м зрагъэтхат, лъэIу тхылъ езыгъэхьахэм я бжыгъэр цIыху мин 65-м нэсырт. Ди щIыпIэм щыщ щIалэгъуалэ куэди хиубыдащ абы.

УФ-м и Президентым дыгъэгъазэм и 14-м екIуэкIа «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и съездым къыщыхилъхьащ «ЛIыхъужьхэм я зэман» программэр щIыналъэ щхьэхуэхэми щагъэлэжьэну. А унафэр дгъэзащIэкIэрэ, дзэ Iуэху хэхам хэтахэр цIыхубэ, IэщIагъэлI гъащIэм къыхэтшэн, абыхэм я унафэ зехьэкIэ Iэзагъым зедгъэужьын мурадкIэ, дыгъуасэ Iэ щIэздзащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» программэр 2025 гъэм къызэрызэIутхым теухуа унафэм.

Программэр гъэзэщIа хъуынымкIэ жэуап яхьынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ «Iуащхьэмахуэ» корпоративнэ университетымрэ. Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэкIэ IуэхущIапIэм и нэхъыжь Къуэдзокъуэ Мухьэмэд Мартын и къуэм программэр гъэзэщIэнымкIэ комитет къызэригъэпэщакIэщ. Абы и лэжьыгъэр ди советым щыдубзыхунущ икIи игъэзащIэ псомкIи дызэрыдэIэпыкъун унафэхэр къыщытщтэнущ. Советым хагъэхьа псори къыхузоджэ жыджэру Iуэхум фыхэтыну.

Ди хэкуэгъу щIалэхэм дзэ Iуэху хэхам щыIэу, ди Хэкур пщIэрэ щIыхьрэ къытхуахьу къахъумэ. Абыхэм тлъэкI къэдмыгъанэу защIэдгъэкъуэн хуейщ, къэкIуэну дахэ диIэн папщIэ, ди щIэблэм я хьэтыркIэ. Дэ ди къалэнщ абыхэм я къулыкъур нагъэсыху дадэIэпыкъуну.

Ди республикэм щыдутIыпщ мы программэм и фIыгъэкIэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ мамыр гъащIэм я къулыкъум щыпащэфынущ, IэмалыщIэхэр яIэу зыщауэзэщIыфынущ. ЩIэныгъэщIэ къозыт мы программэм къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм къулыкъу зэрыщызэрахьэнум щыхуагъэхьэзырынущ ахэр, псэукIэм и лъэныкъуэ псоми гъуэгу щагъуэтыфын хуэдэу. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ мы жэрдэмыр ди къэралыр зыхъумэхэм лъэныкъуэ псомкIи зэрызыщIагъакъуэм и зы Iыхьэу зэрыщытыр. Дэ шэч къытетхьэркъым ди къэралым и зыужьыныгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ ар хэлъхьэныгъэфI зэрахуэхъунум».

ЩIэныгъэ программэр зэрызэхэт Iыхьэхэм, абы ухыхьэн папщIэ узыпхыкIыпхъэ къэпщытэныгъэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» программэм узэрыхэтам къуитыну Iэмалхэм тепсэлъыхьащ жылагъуэ советым жэуап зыхь и секретарь, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Миронов Николай**. «Iуащхьэмахуэ» корпоратив университетым и унафэщI **Айбазовэ Тамарэ** щIэныгъэ программэр зэрызэхэт щIыкIэм тепсэлъыхьащ. «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и унафэщI **Дадэ МуIэед** программэм хиубыдахэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абы и ветеранхэмрэ щаIуэщIэну зэхуэсхэр районхэм щрагъэкIуэкIыну зэрамурадым и гугъу ищIащ.

ЗэIущIэм хэтахэм я Iуэху еплъыкIэхэр утыку кърахьащ. КIуэкIуэ Казбек программэм IэщIагъэ щрат курыт еджапIэхэри ирашэлIэну, нэхъ пасэу екIуэкIа зауэ Iуэхухэм хэтахэри хэбгъэхьэ зэрыхъунум егупсысыпхъэу, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» программэм къарит Iэмалхэм ятеухуауэ хъыбар ирагъэщIэну фIэигъуэу жиIащ.

- Дзэ Iуэху хэхам хэт куэдым телефонкIэ сазэрыпыщIам, щIэх-щIэхыу дызэрызэпсалъэм къыхэкIыу, къэрал программэм, Президентым ейм лэжьэн щIидза нэужь, щIалэ куэд къэпсэлъащ си деж: «Дэри дыхэт хъуну? Дапхуэдэу ар зэрекIуэкIынур?» - жаIэу. «Фыхэтын хуейщ!» - яжесIащ. Езыхэм: «Унэм щыдиIамэ, дэ езым дыдейуэ, абы дыхэтынт, ди деж дыщылажьэу икIи дыщыпсэууэ». Куэд поплъэ мыбы. Аращи, зэрыхъукIэ программэм зегъэубгъун хуейщ. Нэхъыщхьэр - ТекIуэныгъэр къэсу, ахэр нэхъ псынщIэу къэкIуэжынырщ. Лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ, дэтхэнэ зы лIыхъужьми набдзэгубдзаплъэу и Iуэху зыIутыр зэдгъэщIэн хуейщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Шэч къытесхьэркъым Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым, ТекIуэныгъэр илъэс 80 щрикъу гъэм зи гугъу тщIы программэр мыхьэнэшхуэ зиIэ хэлъхьэныгъэфI зэрыхъуэхъунум.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» республикэ программэр гъэзэщIэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм я социально-экономикэ зэпIэзэрытыныгъэр, езыхэр хъумэнымрэ ехьэлIа Iуэхухэр къызэгъэпэщыным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм гъатхэпэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №121-м ипкъ иткIэ, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр, абы хэтхэр жылагъуэ гъащIэм, IэщIагъэхэм хэзэгъэжын, я Iэзагъэм хагъэхъуэнымкIэ, унафэщI IэнатIэхэм я зэфIэкIхэр къыщагъэлъэгъуэнымкIэ Iэмалхэр яIэн папщIэ **унафэ сощI**:

1. 2025 гъэм щIэдзэн дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр, абы хэтхэр социальнэ Iуэхухэм хэзэгъэжыным, я IэщIагъэкIэ зегъэужьыным, я зэфIэкIхэр къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм къыщагъэлъэгъуэным хуэгъэпса «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» республикэ программэр (адэкIэ - республикэ программэщ), гъэзэщIэныр.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» республикэ программэр гъэзэщIэным елэжьыну жылагъуэ совет къызэгъэпэщын.

3. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» республикэ программэр гъэзэщIэным елэжьыну жылагъуэ советым хэтхэр къэщтэн.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ «Iуащхьэмахуэ» корпоративнэ университет» IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ гуэдзэ щрат, зи лэжьыгъэр фейдэ къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIэмрэ республикэ программэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэнымкIэ жэуап яхьу гъэувын.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къалэн щыщIын:

а) республикэ программэм теухуа положенэр къэщтэныр къызэригъэпэщыну;

б) республикэ программэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар гъэзэщIэнымрэ елэжьыну къызэгъэпэщакIуэ комитет иубзыхуу абы хэтхэр къиштэну;

в) республикэ программэр гъэзэщIэным хуэунэтIа Iуэхухэр егъэкIуэкIыныр къызэригъэпэщыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэригъэпэщыну и пщэ илъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэр, абы и унафэм щIэт IуэхущIапIэхэр республикэ программэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным хэтыныр;

б) республикэ программэр гъэзэщIэным текIуэдэну мылъкур хухихыныр, апхуэдэуи яубзыхуахэр зэфIэгъэкIыным хуэунэтIа зыхуэфащэ Iуэхухэр иригъэкIуэкIыныр.

7. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпса «Хэкум и хъумакIуэхэр» Къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я щIыпIэ администрацэхэм чэнджэщ етын дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр, абы хэтхэр республикэ программэр зэрагъэзащIэм, абы пыщIа хабзэхэм щыгъуазэ ящIыну.

8. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ

КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм щIышылэм и 28-м
№4-УГ

Жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэр къызэрагъэпэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и еханэ зэхыхьэгъуэм хэтхэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ иужьрей илъэсищым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм, адэкIэ къапэщытхэм.

ГРАЖДАН жылагъуэм и щIыналъэ институтым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Берд Хьэзрэталий**. Я нэIэ щIэт Iуэхухэр зэрекIуэкIым и гугъу ящIащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ**, палатэм и комиссэм социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и унафэщI **Шинкаревэ Наталье**, палатэм и комиссэм щэнхабзэмкIэ, псэкупсэ щIэиныр хъумэнымкIэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и унафэщI **Мэзукъэбз Аслъэн**, Шэрэдж щIыналъэм и жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Чеченов Георгий** сымэ.

Республикэм и Жылагъуэ палатэр и IуэхущIафэр къызэрызэгъэпэщакIэ, зэIухауэ зэрыщытымкIэ къэралым нэхъыфIу къыщалъытаи 10-м ящыщщ. 2024 гъэм абы Урысейм и президент хэхыныгъэхэр щекIуэкIым жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэхэр къызэгъэпэщыныкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ. Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэу 900-м нэблагъэ - егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр, студентхэр, хьэрычэтыщIэхэр, пенсионерхэр, волонтерхэр - республикэм хэхыныгъэхэр хабзэм тету зэрырагъэкIуэкIым кIэлъыплъу щыIащ хэхыпIэ щIыпIэхэм. Нэгъабэ и бжьыхьэм КъБР-м и Жылагъуэ палатэм ди Президент Путин Владимир къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхыгъэ къыIэрыхьащ.

Жылагъуэ палатэм и къалэн нэхъыщхьэу къонэж лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрагъэзащIэр, урысей псэкупсэгъэсэныгъэ лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр хъумэныр жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм щIигъэтыныр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм и къэхъугъэхэмрэ и лIыхъужьхэмрэ я тхыдэ фэеплъыр хъумэным, худэчых зиIэ цIыхухэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным, экологие шынагъуэншагъэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, республикэм и жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIыным, бюджет IуэхущIапIэхэр ухуэным, зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным, нэгъуэщIхэми теухуа Iуэхухэм.

- Республикэм и граждан жылагъуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыпэщыт жылагъуэ-политикэ къалэнхэр зэфIэхынымкIэ щыIэ, мылъкум темылажьэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ зэгъусэу едгъэкIуэкI Iуэхум адэкIи къыпытщэнущ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Я пщэрылъхэм зрагъэубгъу

КъБР-м и Парламентым и гъатхэ лэжьэгъуэр Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэмкIэ къызэIуахащ. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ «КъБР-м бгы-лыжэ туризмэм зыщегъэужьыным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 3 - 5-хэм, «КъБР-м и туризм Iуэхум ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 4 - 5-хэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым, «КIэрыхубжьэрыхухэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и проектыр, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль гъуэгухэмрэ абыхэм ехьэлIа лэжьыгъэхэмрэ» КъБР-м и Законым и 8-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIауэ», «КъБР-м балигъ ныбжьым нэмысахэм якIэлъыплъынымрэ пIынымрэ къызэрыщызэрагъэпэщыр» КъБР-м и Законым и 5-нэ Iыхьэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ балигъ ныбжьым нэмысахэм якIэлъыплъынымрэ пIынымрэ ехьэлIауэ къэралым пщэрылъ ящищIым теухуауэ» КъБР-м и Законымрэ зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн» КъБР-м и законым и проектыр. Иужьрейм и гугъу щищIым, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор жиIащ къагъэлъагъуэ зэхъуэкIыныгъэхэр зытещIыхьар лэжьыгъэр зэрырагъэфIэкIуэнымрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэнахэм я Iуэхухэр къызэзыгъэпэщхэм я пщэрылъхэм зрагъэубгъунымрэ зэрыарар.

Депутатхэр арэзы техъуащ «Щэнхабзэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м законым и проектми. КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий жиIащ дэфтэрыр «Урысей Федерацэм и щэнхабзэ лъабжьэхэр» УФ-м и Законым техуэу зэрызэрагъэзэхуэжыр. Апхуэдэу законопроектым дыщIагъу ныкъуэдыкъуэхэр щэнхабзэ Iуэхухэм, гупжьейхэм зэрыхашэну IэмалыщIэхэр къэрал къулыкъущIапIэхэм пщэрылъ зэрыщащIынур. Зи гугъу ящI федеральнэ законым щIыналъэ унафэщIхэр хуит ещI наркотикхэр зрахьэлIэну къыхуезыджэ Iуэхухэм кIэлъыплъыну, апхуэдэхэр къызэпаудыну.

Егоровэ Татьянэ жиIащ КъБР-м и Парламентым и лэжьэгъуэм щыщIидзэкIэ хабзэубзыху IуэхущIапIэм хэмыт политикэ партхэм я лIыкIуэхэр я Iуэху еплъыкIэ къагъэлъэгъуэну къызэрырагъэблагъэр. Апхуэдэу япэ зэIущIэм зыкърагъэхьэлIат «Урысей цIыхубэпсо зэгухьэныгъэ» политикэ партым и щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI КIыщ Мэхьмуд, «Жылагъуэ платформэ» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэ Шакъ Хьэзрэталий, «Хэку» урысейпсо политикэ партым и щIыналъэ къудамэм къэпщытэныгъэмкIэ и комиссэм и унафэщI Уэрыш Атмир, «Урысей Федерацэм и Къэзакъ парт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Усачёв Сергей сымэ. Ахэр зытепсэлъыхьын хуейр Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэр щыхъумэнымрэ абы зыщегъэужьынымрэт. И Iуэху еплъыкIэр къыщигъэлъагъуэм, КIыщ Мэхьмуд гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэм къытеувыIащ. Абы жиIащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд щызэдэпсэу республикэм и щэнхабзэ къулейр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ республикэми къэралми я къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр, абы къыхэкIыуи щэнхабзэ жэрдэмхэм хухах ахъшэр нэхъыбэ щIыныр, район къэс щэнхабзэ центрхэр къыщызэIухыныр, хэзыгъэгъуазэ дерсхэр егъэкIуэкIыныр, щэнхабзэ мыхьэнэ зиIэ зыгъэпсэхупIэхэм зыплъыхьакIуэхэр яшэу зэтраублэныр зэрыфIэкъабылыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Си хабзэубзыху жэрдэм»

КъБР-м и Парламентым хъыбар фегъащIэ республикэм щыIэ егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэт щIалэгъуалэм папщIэ «Си хабзэубзыху жэрдэм» зэхьэзэхуэр зэрырагъажьэмкIэ.

АБЫ хэтыну гупыж зыщIхэм я лэжьыгъэр 2025 гъэм гъатхэпэм и 3 пщIондэ ирагъэхь хъунущ къызэгъэпэщакIуэ комитетым.

Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIынум теухуауэ нэхъыбэ къэфщIэну фыхуеймэ, фыпсалъэ мы телефонымкIэ: 40-45-26, апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и официальнэ сайтым (parlament.kbr.ru) къыщыфщIэнущ.

Лэжьыгъэр евгъэхь мы хэщIапIэм: Налшык къ., Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 55, КъБР-м и Парламентым и унэм, пэш №107-м.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

НыбжьыщІэ хахуэ

Фадеев Александр и «ЩІэблэщІэ гвардие» романымкІэ (ар адыгэбзэкІи зэрадзэкІащ) дэ дыщыгъуазэщ Донбас-сым и Краснодон къалэм щыпсэу ныбжьыщІэ гупым Хэку зауэшхуэм и зэманым зэрахьа лІыгъэм. Ауэ апхуэдэхэу цІэрыІуэ мыхъуахэми, абыхэм ещхь хахуагъэ къагъэлъэгъуащ зэрыпхъуакІуэхэм пІалъэкІэ яубыда нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыщ я ныбжьэгъухэми, хэбгъэзыхьмэ, сабийхэми. Щапхъэу къэтхьынщ дзэ Іуэху хэхам щІидза иужь дэ нэхъыфІу къэтцІыхуа Мариуполь къалэм щыщ Балабухэ Анатолэ хузэфІэкІар.

1929 ГЪЭМ къалъхуа Толэ Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям илъэс 12 хъу къудейт. Къалэдэс минхэр фронтым кІуат, къэнахэр Іэщэ щащІ лъэщапІэхэм щылажьэрт. Нэмыцэхэр апхуэдэу псынщІэу къэсын ягугъакъым - 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м Мариуполь и Іуфэхэм кхъухьхэр Іутащ ягъэІэпхъуэнухэр ирагъэтІысхьэу, ауэ етІуанэ пщэдджыжьым абы и уэрамхэм бийхэр къыдыхьакІэт. Абыхэм я къэкІуэгъуэр къалэдэсхэм я дежкІэ узижагъуэну щытащ: цІыху мини 10 яукІащ, щІалэрэ хъыджэбзу мин 50-м нэс Германием яхуащ щагъэлэжьэну, щІыпІэм къыщызэІуаха концлагерым гъэр хъуа совет зауэлІхэу мин 36-рэ ирагъэлІыхьащ.

Толэ илъагъурт зэрыпхъуакІуэхэм зэхащІыхьыр, япэщІэувэну хуейт, арщхьэкІэ Іэмал игъуэтыртэкъым. Дауи, ар зыхагъэхьэнутэкъым я зэран нэмыцэхэм екІыу Мариуполь къыдэна щэхурылажьэ гупхэм. Ауэ и Іэхэри зэтедзауэ щІысыфынутэкъым.

ЩІалэ цІыкІум гъусэ хуэхъуащ и къуэш Дмитрийрэ и анэ дэлъхум и къуэ Благонравов Анатолэрэ. Іэщэ щызэІэрамыгъэхьэфым ягу иралъхьащ яхузэфІэкІ ящІэну: концлагерым гугъу щрагъэхь цІыхухэм ерыскъыкІэ ядэІэпыкъуну. Ар, зэрыгурыІуэгъуэщи, щымащІэт бийм иубыда къалэм ауэ щІалэ цІыкІухэм хэкІыпІэ къагъуэтащ: зэхакъута элеваторым кІуэрти, нықъуэс хъуа гуэдзыр къыщІахырт, щІагъэпщырт, яхьэжырт, иужькІэ Толэрэ Дмитрийрэ я анэм къыхуахьырт. Мыдрейм яхуигъэжьа щІакхъуэр гъэрхэм яІэрыбгъэхьэныр нэхъ гугъужт, ауэ аргуэру хэкІыпІэ къагъуэтырт банэ зытет гъущІ кІапсэхэм епщылІэрти, къэрэгъулыр зэрытеплъэкъукІыу яхьар щхьэпрадзырт. Хэт ищІэн фІым къыхуалъхуа а сабийхэм гъащІэу кърагъэлар зыхуэдизыр! Нэхъ шынагъуэж зыпылъ Іуэху щеувэлІаи щыІащ: зэгуэр абыхэм телефон кІапсэ Іыхьэшхуэ къыпаупщІри ирахьэжьат. Ар зыщІахэр къагъуэтамэ, къелынутэкъым, ауэ, я насыпти, хунэсакъым, а зэманым совет кхъухьлъатэхэр бомбэхэмкІэ вокзалымрэ кхъухь тедзапІэмрэ къеуэу хуежьати.

Гуп цІыкІум и Іуэху нэхъыщхьэу уващ Мариуполь фашистхэм къыщыІэщІагъэкІыжа 1943 гъэм и фокІадэм совет десантым зэрыдэІэпыкъуар. Иужьрейхэр тенджызым и лъэныкъуэкІэ щІыпІэ зыбжанэм къыщитІысыкІат. Абыхэм я къалэнт къуажэхэм гарнизонхэр щызэхакъутэну, къалэмкІэ кІуатэурэ, кхъухь тедзапІэр яубыду, щІэпхъуэж нэмыцэхэм яхэуэну. Унафэ быдэ къыхуащІат къебгъэрыкІуэ 44-нэ армэм и къару нэхъыщхьэхэр къэсыху заІыгъыну. ХэщІынығъэ инхэр ягъуэтами, ар ягъэзэщІащ.

Капитан-лейтенант Немченкэ Виктор зи Іэтащхьэ ротэм псынщІэу иубыдащ зи Іуфэм къыщитІысыкІа Мелекинэ къуажэр икІи гугъуехь инхэр пылъу Мариуполь нэсащ. Зыри пэмыплъэххауэ мыбдеж къыщыхутащ щІалэ цІыкІуищ: «Дадэхэ! Дыздэфщтэ, дэ мыбы псори щыдоцІыху, нэмыцэхэр здэщыІэхэри. фэдгъэлъагъунущ!»

Зэи здэщымыІа къалэм, дауи, гъуэгугъэлъагъуэхэм щыхуейти, ныбжьыщІэхэр зыщІагъуащ, зэхэуэхэм щІадзэмэ, зауэм хэмыхьэну я тхьэкІумэхэр яІуантІэри. Арщхьэкlэ дзыхь зэрыхуащІам игъэгуфІа щІалэ цІыкІухэр лъаІуэу хуежьащ Іэщэ иратыну. Моряк Коровниченкэ Андрей абыхэм я нэхъыжь Анатолэ гранатэ къритащ. А ныбжьыщІэр зи гъуэгугъэлъагъуэ гупым зыщигъэбыдащ уэрамхэм я зэхэкІыпІэхэм ящыщ зым.

Мыгувэу къыкъуэкІащ бронетранспортер зи япэ иту зэкІэлъхьэужьу къакІуэ нэмыцэ автомашинэ гуп.

Матросхэм зыкъамыщІэж щІыкІэ, къыщылъэтри, Толэ гранатэр БТР-м ириутІыпщащ. Ар къызэщІэнащ, автомобилхэм къижри, фашистхэр ди зауэлІхэм къахэуэу щІадзащ. Бийхэр куэдкІэ нэхъыбэти, матросхэр къикІуэтын хуей хъуащ. Шэ къызытехуа Толэ щылъу къэнащ. Иджыри зэрыпсэур зылъэгъуа нэмыцэ сэлэтыр къыбгъэдыхьэри, фоч лъэдакъэкІэ щІалэ цІыкІур иукІащ...

Десантым къигъэзэжащ къаруушхуэ зэрыгъэхъуауэ, къалэм къыдыхьащ 44-нэ армэм и дзэхэр. Мариуполь хуит хъужащ.

ЩІалэ цІыкІум и хьэдэр пщІэшхуэ хуащІу щыщІалъхьащ, «Пионер Балабухэ и уэрам» щыІэ хъуащ, Мариуполь щеджа школым и гупэм и фэеплъ дахэ щагъэуващ. АрщхьэкІэ СССР-р лъэлъэжа иужь уэрамыр «Пионерскэ» хъужащ - Украинэм фашист хуэмэбжьымэхэр хуиту утыку къыщихьэ хъуати. Ахэр, дауи, хуейтэкъым Балабухэ Анатолэ хуэдэхэм я унэцІэ зэхахыну фэеплъри зэхафыщІэу къекІуэкІащ.

Мариуполь езым и унагъуэ Урысейм къыхыхьэжащи, иджы абы и фэеплъыр зэрыхуэфащэу егугъуу яхъумэнущ икІи ягъэлъэпІэнущ. Ауэ сытми жаІэркъым: «ЛІыхъужьым и щІыхьыр зэи кІуэдыркъым».

ШАЛ Мухьэмэд.

Дохутырхэмрэ сымаджэхэмрэ зэпызыщІэ хасэ

«Дохутырхэм я хасэ» щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм я зэІущІэ Москва щекІуэкІащ. Урысей Федерацэм и Правительствэм ФинансхэмкІэ и университетым щызэхуэсащ медицинэм и лэжьакІуэу Москва сымаджэщхэм щылажьэхэр, медицинэмкІэ щІэныгъэлІхэр, экспертхэр. Абыхэм къызэщІакъуэжащ Хасэм 2024 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр, апхуэдэуи 2025 гъэм ягъэзэщІэн хуей къалэнхэр яубзыхуащ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым Адыгэ Республикэм къыбгъэдэкІыу щыІэ Хъупсырокъуэ Мурат, Наролин Александр, АР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Мерэтыкъуэ Рустем, «Дохутырхэм я хасэ» зэгухьэныгъэм и унафэщІ, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, ІэщІагъэм зэпымыууэ щыхурагъаджэ Урысей медицинэ академием (РМАНПО) сабий нейрохирургиемкІэ и кафедрэм и профессор, Сабий хирургиемрэ травматологиемкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым нейрохирургиемкІэ и къудамэм и унафэщІ Семэн Жаннэ, абы и къуэдзэхэу Мейкъуапэ къэрал технологие университетым и ректор, экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Къуиижь Саидэ, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, УФ-м щІыхь зиІэ и врач ПщыхьэщІэ Ахьмэдхъан сымэ.

Москва дэс адыгэхэм я Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, «Дохутырхэм я хасэ» щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм щІыхь зиІэ и тхьэмадэ Агъырбэ Юрэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ:

- Дэ псори дызэришэлІащ «Дохутырхэм я хасэм». Мы зэгухьэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр зэман кІэщІым къриубыдэу къигъэлъэгъуащ. Абы хузэфІэкІыну псор иджыри нэрылъагъу хъуакъым, хуабжьу гуащІэшхуэ зыбгъэдэлъ дохутырщ хэтхэр, куэдым ялъэІэсынущ. Ахэр езыхэр зэрыщІэу зэдэлэжьэнымкІэ, сымаджэхэм ядэІэпыкъунымкІэ Хасэр сэбэп хъунущ. Мыр нэфІней здэщыІэ, щхьэж и щхьэ Іуэху щыдигъэкІ зэІущІапІэкъым, атІэ зэлъэпкъэгъухэр щызэдэІэпыкъу зэгухьэныгъэщ. Дэ адыгэ лъэпкъ уардэм дыкъыхэкІащ, псалъэм нэхърэ Іуэхур япэ изыгъэщым, зи благъэм, гъунэгъум сыт щыгъуи дэІэпыкъуу къекІуэкІым. А хабзэ дахэр нобэ дохутырхэм зэрахьэн, лъэпкъым, цІыхубэм сэбэп яхуэхъун папщІэ къызэрагъэпэща Хасэщ нобэ зэхуэсар. Си фІэщ мэхъу гъэ къэс я зэфІэкІым хэхъуэу, нэхъыбэм ялъэІэсу зэрылэжьэнур, мы зэІущІэми Іуэхуфl куэд къызэрыдэкІуэнур.

АР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Мерэтыкъуэ Рустем къызэхуэсахэм АР-м и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат и цІэкІэ фІэхъус ярихащ. Абы къыхигъэщащ «Дохутырхэм я хасэр» зэрылажьэ илъэс зыбжанэм къриубыдэу республикэм мыхьэнэшхуэ зиІэ конференц зыбжанэ зэрыщекІуэкІар, абы Хасэм хэт ди лъэпкъэгъухэм я мызакъуэу, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и лІыкІуэхэри къызэрырагъэблэгъар. Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм иджыри къыпащэну зэрагугъэр жиІащ Мерэтыкъуэм.

«Дохутырхэм я хасэм» и унафэщІ Семэн Жаннэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ икІи 2024 гъэм зэлэжьахэр утыку кърихьащ. Ар убгъуауэ тепсэлъыхьащ медицинэ ІэнатІэм пэрытхэм я зэдэлэжьэкІэм, цІыхухэм ядэІэпыкъуным техуауэ ягъэбелджыла Іуэхухэмрэ къыхалъхьа жэрдэмхэмрэ, ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэр хагъэхъуэнымкІэ Іэмалхэр къызэрызэрагъэпэщым, щІэныгъэ лэжьыгъэхэм иужь зэритым, адыгэ зэрыс хэгъэгухэр зэдэлэжьэнымкІэ ящІэхэм.

Хасэм гъэ къэс нэхъ зиубгъуурэ макІуэ. Абы япэу дохутыр 58-рэ фІэкІа хэмытамэ, иджы 250-рэ къызэщІеубыдэ, ахэр щыщщ Санкт-Петербург, Волгоград, Краснодар, ЕсэнтІыгу, Германием и къалэхэм. Дохутыри 199-р Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу Москварэ Москва областымрэ щыІэ сымаджэщ цІэрыІуэхэм щылажьэхэрщ.

2024 гъэм медицинэ ІэнатІэм зегъэужьыным жыджэру хэлэжьыхьащ ди дохутырхэр. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, ахэр хэтащ урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцхэм, школ-семинархэм, апхуэдэуи Мейкъуапэ къэрал технологие университетым щекІуэкІа конференцым кърагъэблэгъащ федеральнэ медицинэ центр нэхъыфІхэм щыІэ ІэщІагъэлІ пашэхэр.

Ди дохутырхэм яхузэфІокІ операцэ гугъу дыдэхэр ящІын, ахэр дохутыр нэхъыщІэхэм, студентхэм ирагъэлъагъуу. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр ПщыхьэщІэ Ахьмэдхъан 2024 гъэм иригъэкІуэкІащ роботым и Іэмалхэр къыщигъэсэбэпа операцэ хьэлъэ. Илъэс 74-рэ хъу лІым и жьэжьеитІми лыщх узыфэр къыхыхьэри, Іэпкълъэпкъым щыщ нэгъуэщІ Іыхьэхэми зритати, зэ наркоз етыгъуэм лыщх узыфищым еІэзащ икІи жьэжьеитІри къригъэлащ.

Семэн Жаннэ зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ щапхъэхэр куэд мэхъу. ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ 2025 гъэм ялэжьынухэми. Абыхэм ящыщщ адыгэ дохутырхэм я ІэщІагъэр хэгъэхъуэныр, абы хуеджэ студентхэм ядэІэпыкъуныр, щІэныгъэ, егъэджэныгъэ зэхуэсхэр егъэкІуэкІыныр, Іуэхум теухуауэ щхьэпэ хъуну зэхыхьэхэр къызэгъэпэщыныр.

Жаннэ къызэрыхигъэщамкІэ, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэм еІэзэ дохутырхэр зэрызэрыщІэр, зэрызэдэлажьэр егъэфІэкІуэныр, адыгэ зэрыс республикищым нэхъ япыщІауэ щытыныр, дохутырхэмрэ сымаджэхэмрэ зэхуэшэныр, щІэныгъэмрэ ІэщІагъэмрэ зэдэІэпыкъуныр, медицинэ ІэщІагъэм и Іулыджыр щІыналъэхэми Урысейми къыщыІэтыныр япэ ирагъэщынухэм ящыщщ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, къэралым и сымаджэщ, институт нэхъыфІхэм ди лъахэгъу куэд ехъулІэныгъэхэр яІэу щолажьэ, ахэр республикэхэм икІахэм ядэІэпыкъуну сыт щыгъуи хьэзырщ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, «Дохутырхэм я Хасэм» хэтщ сирие, урысей дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, Нэ узыфэхэмкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым офтольмологием и иджырей ІэмалхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Юсеф Наим Юсеф, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и дохутыр Никитин Игорь, Москва областым штатым хэмыт и кардиолог нэхъыщхьэ Хъыдзэдж Аллэ, дохутыр-кардиологхэу Хьэщыкъуей Іэсият, Понэж Жаннэ, Вындыщхьэ Мадинэ, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ докторхэу Жылэ Марьянэ, Дадэ Ларисэ, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ кандидатхэу - «Доктор Линз» клиникэ сетым и дохутыр нэхъыщхьэ Хъурай Аслъэн, Абазэ ФатІимэ, Балъкъэр Аслъэн, Ащнокъуэ Аллэ, Тембот Жаннэ, БатІ Евгение, Хъанэ ФатІимэ, Къэбардокъуэ Анзор сымэ, нэгъуэщІ куэди.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Хэкупсэхэм я мазэ

● Жылагъуэ

Хэкум и хъумакІуэм и илъэсым хуэунэтІауэ къэралым хыхьэ щІыналъэхэм къыдэкІуэтей щІэблэм тхыдэр егъэщІэнымрэ абыхэм я псэкупсэ зэхэщІыкІыр къэІэтынымкІэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрагъэкІуэкІынущ. Абыхэм къызэщІаубыдэнущ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм Хэкум и щхьэхуитыныгъэр хъумэным, адэжь лъахэр бийм щыхъумэным хуэгъэзауэ ди хэгъэгум щекІуэкІа зауэхэм лІыгъэрэ хахуагъэкІэ къыщыхэщахэм я цІэр къэІэтыжыным, а зауэхэр къызыхэкІа щхьэусыгъуэхэм, абыхэм кърикІуахэм, жылагъуэм дежкІэ иІа мыхьэнэм ехьэлІа щІэнІуатэхэр, Іэнэ хъурейхэр, пэхуэщІэ мазэхэр, фэеплъ зекІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

АПХУЭДЭУ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм Хэкум и хъумакІуэм и илъэсым хэкупсэ мазэкІэ пежьащ. Махуэ щэщІым къриубыдэу щІыналъэм курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и ІуэхущІапІэхэм щеджэ щІалэгъуалэр щытыкІэ къызэрымыкІуэ ихуахэм зэрызахъумэжыным пыщІа щэхухэм щагъэгъуэзэнущ, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм зи гуащІэрэ зэфІэкІкІэ къыщылъэгъуахэм дэзэ хэкупсэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ драгъэкІуэкІынущ.

Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ скъарым деж къыщызэхуэса щІалэгъуалэм япэщІыкІэ абы удз гъэгъахэр тралъхьащ, иужькІэ зы дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ щалъхуа лъахэр ІэщэкІэ яхъумэу бийм пэщІэта зауэлІхэм. Къызэрагъэпэща пэкІум хэтащ къалэм дэт курыт еджапІэхэм щІэсхэр, егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и ІуэхущІапІэм и ІэщІагъэлІхэр, ЩІалэгъуалэ центрым и лэжьакІуэхэр, ДОСААФ-м и лІыкІуэхэр, Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и министерствэу КъБР-м щыІэм и ветеранхэр, «ЗауэлІ зэшхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щиІэ къудамэм хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

ДОСААФ-м и лІыкІуэ гупым я пашэ Хьэжы Руслан щІалэгъуалэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ къэрал унафэкІэ 2025 гъэр Хэкум и хъумакІуэм и илъэсу ягъэувами, ар зи лъахэ щыпсэуж, щалъхуа щІыпІэхэр фІыуэ зылъагъумрэ адэжь лъапсэр лъапІэныгъэу зылъытэхэмрэ я дежкІи апхуэдэу дапщэщи къызэрекІуэкІар.

«ЗэхэщІыкІ зиІэ, щІэж узыншэ зыбгъэдэлъ цІыхур къыщалъхуа махуэм щегъэжьауэ зытет дунейр зэригъэдэхэным, абы мамырыгъэр тепщэ зэрыщищІыным, жылагъуэм зэгурыІуэр хабзэу зэрыщигъэувыным хущІокъу. ЦІыху щыІэу къыщІэкІынкъым зи Іуэху нэхъыфІ хъуну хуэмей, зэрыт щытыкІэм елъытауэ нэхъ щыІэкІэфІ зыгъуэтыну щІэмыхъуэпс. Мамырыгъэрэ зэгурыІуэрэ щымыІэу ахэр къызэрыбдэхъун щІыкІэ щыІэу къыщІэкІынкъым. ЯщІ гуращэхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ хуэкІуэу щІэблэр дунейм къайгъэншэу тетын папщІэщ ди япэ ита куэдым ІэщэкІэ Хэкур яхъумэу бийм щыпэщІэувар, я псэ емыблэжу зауэ мафІэсым я щхьэр щІыхалъхьар. Ар къыдгурыІуэн, я пІэм зидгъэувэу абы къызэранэкІа гъащІэм хэлъ лъапІэныгъэр нэхъ кууэ зыхэтщІэн щхьэкІэщ Хэкум и хъумакІуэм и илъэсыр къыщІыхалъхьар. Хэку зауэшхуэр зи нэгу щІэкІа нэхъыжьыфІу диІэжыр мащІэ дыдэщ. Я лъэ кърихьэкІыу я къарур пэлъэщыху ахэр мамыр гъащІэм тележьащ. Иджы чэзур ди деж къэсащи, абыхэм я гуащІэдэкІым хэдгъэхъуэныр, къытхуагъэна щІэиныр дгъэбагъуэу адэкІэ дыкІуэтэныр ди хьэкъщи, тхузэфІэкІ псори едвгъэхьэлІэ. Мы мазэм къриубыдэу Іуэхугъуэ куэд дыдэ едгъэкІуэкІыну ди гугъэщ. Ахэр щІэтщІэр фэращ, фэ абыхэм факъыхэмыхьэмэ, къыддэвмыІыгъмэ, мыхьэнэ иІэнукъыми, акъыл зэхэдзи гуащІэ зэхэлъхьи дывгъэщІ. Дэ сыткІи дыфкъуэтынущ, щІэгъэкъуэни дыфхуэхъунущ», - жиІащ Хьэжы Руслан.

ПэхуэщІэм и къызэгъэпэщакІуэхэр мазэм къриубыдэу ирагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэхэм нэхъ кууэ тепсэлъыхьащ, пІалъэхэри нэхъ нахуэу ягъэпсащ. ЗэІущІэм къэрихьэлІахэм мазэр екІуу дэхын зэрыхуеймкІэ зэрыхьэзырыр, я пщэ къыдалъхьэр зэрагъэзэщІэнур къыжаІащ.

ТРАМЭ Батырджэрий.

Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэм къэрал гулъытэ егъуэт

Мэзкуу къалэм и «Тимирязев Центр» егъэджэныгъэ-гъэлъэгъуэныгъэ комплексым щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и хьэрычэт ІэнатІэ мащІэм зегъэужьыным хуэунэтІа зэІущІэ. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-м Мэкъумэш-хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ «ЦІыхубэ фермер» зэгухьэныгъэмрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэ гуп, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Уэдыхь Тимур я пашэу. КъБР-м Мэкъумэш кооперацэмрэ фермерхэр дэІыгъынымкІэ и центрым и унафэщІ Джаппуевэ Индирэ жиІащ къэралым и фермерхэм я зэгухьэныгъэм нэгъабэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм зэрыщыхэплъэжар, дызыхыхьа илъэсми къапэщэлъ къалэнхэр абы зэрыщаубзыхуар.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Лут Оксанэ икІи къыхигъэщащ мэкъумэш ІэнатІэм щылэжьэну зезыгъэтхахэм я процент 95-м щІигъур хьэрычэт ІэнатІэ мащІэм зэрыхэтыр икІи къэралым ерыскъыкІэ и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным абыхэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуащІыр.

Апхуэдэуи зэхуэсым щытепсэлъыхьащ къуажэхэм я мэкъумэш ІуэхущІапІэхэр щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ІэщІагъэлІхэмкІэ къызэгъэпэщыным, бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэр лэжьыгъэм къыщыгъэсэбэпыным, ІэнатІэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ щыІэ Іэмалхэмрэ абы щхьэкІэ щІапхъэхэмрэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Дызэкъуэту

Шахмат псынщІэм зэхуешэс

Къэбэрдей-Балъкъэрым шахмат псынщІэмкІэ и кубок зэІухам и япэ Іыхьэр Псыгуэнсу къуажэм щекІуэкІащ икІи ар траухуат дзэ Іуэху хэхам хэтхэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щызэпеуащ спортсмени 132-рэ, абыхэм щыщу 10-м шахматымкІэ дунейпсо мастер цІэр зэрахьэу. Псалъэм папщІэ, дыдейхэм нэмыщІ, абы хэтащ Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Ставрополь крайм я шахматист пажэхэр.

Балигъхэм я зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр къыщихьащ Саидов Билухаж (Шэшэн республикэ), етІуанэ хъуащ Еращенков Денис (Ставрополь край), ещанэр - Назаретян Тигранщ (Осетие Ищхъэрэ - Алание).

Апхуэдэуи щхьэхуэу зэхьэзэхуащ ветеранхэр, ныбжьыщІэхэр, цІыхубзхэр. Нэхъыжьхэм я деж япэ увыпІэр къыщихьащ Тамаев Таймураз (Осетие Ищхъэрэ - Алание), Яндарбиев Руслан (Шэшэн Республикэ) етІуанэ, Дедюхин Олег (КъБР) ещанэ хъуахэщ.

ЦІыхубзхэм я зэпеуэм щытекІуащ Щыхьмырзэ ФатІимэ (КъБР), Дряевэ Ланэ (Осетие Ищхъэрэ - Алание) етІуанэ, Ахматовэ Аминэ (КъБР) ещанэ увыпІэхэр яубыдащ.

НыбжьыщІэхэм я деж щылъэщащ ТекІуий Эмир икІи япэ увыпІэр къиихьащ. Келигов Хъалид (Ингуш) етІуанэ хъуащ, Самурганов Христофор (Ставрополь край) ещанэщ.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпІищыр къыщызыхьахэм щІыхь тхылъхэр, медалхэр, кубокхэр иратащ. Ахъшэ саугъэтхэр къабгъэдэкІащ зэпеуэр егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэхэм закъыщІэзыгъэкъуа Къудей Хьэсэнрэ Хьэсанэ Русланрэ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Дунейм щыхъыбархэр

«АвтоВАЗ»-м нэхъри зеужь

УФ-м и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ ІуэхукІэ Самарэ областым щыІащ. Къэрал УнафэщІым зыщигъэгъуэзащ Тольятти дэт «АвтоВАЗ» заводым и лэжьыгъэм.

2024 гъэм заводым къыщІигъэкІ автомобилхэм я бжыгъэр процент 40-кІэ хэхъуащ - мин 525,5-рэ щызэпкъралъхьащ. Иужьрей илъэси 10-м ехъулІэныгъэ хъарзынэхэр зыІэрагъэхьащ.

Президентыр «АвтоВАЗ» заводым щылажьэ гупым епсэлъащ, и гугъу ящІащ Урысейм и автомобиль къалащхьэу къалъытэм зэрызрагъэужьынум, щІыналъэм и гъуэгухэр зэрызэрагъэпэщыжынум, еджапІэхэр зэраухуэнум, нэгъуэщІхэми.

«Заводым хъарзынэу зывогъэужь. Псоми жаІэрт «АвтоВАЗ»-р хэкІуэдэжыну, ауэ ар къэхъуакъым. ІэнатІэм и Іуэхур тэмэму зэтеублащ, къыщІэвгъэкІ машинэхэм я бжыгъэм хохъуэ, я фІагъри нэхъыфІ хъуурэ йокІуэкІ, лэжьакІуэшхуэу фызэрыщытыр нэрылъагъущ, - жиІащ Путин Владимир заводым и ІэщІагъэлІхэм щепсалъэм. - Ди жагъуэгъухэм я ІуэхущІапІэхэр зэхуащІыжу щыщІэпхъуэжым я гугъащ лэжьыгъэр къызэтеувыІэну, езыхэр хэмытмэ, псори зэтещэщэжыну. Зэрыгугъам хуэдэу къыщІидзакъым. Фи зэфІэкІым, лэжьыгъэм хувиІэ бгъэдыхьэкІэм, фызыпэрыт ІуэхумкІэ, фи щхьэкІэ фиІэ фІэщхъуныгъэм и фІыгъэкІэ псори къыдэхъулІащ».

ПэкІухэр зэхашэ

ФРГ-м щекІуэкІ экономикэ политикэр ягу иримыхьу къэралым и цІыхухэм зыкъаІэтащ. ТАСС-м и корреспондентым къызэритымкІэ, Берлин и Бранденбург куэбжэм деж пэкІур щызэхэзышахэм къагъэув Германием и экономикэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэну. Ахэр хуейщ ФРГ-м и правительствэм цІыхухэм я псэукІэм гулъытэ тэмэм хурагъэщІыну икІи къыхураджэ я экономикэр зэрыт щытыкІэ гугъум къишынымкІэ Іэмалхэр къагъуэтыну.

АПХУЭДЭУ пэкІум хэтхэм къэрал унафэщІхэр къыхураджэ хьэрычэт Іуэхухэр щегъэкІуэкІыным утезыгъэгушхуэ щІыпІэу нэхъапэм Германиер зэрыщытам хуагъэкІуэжыным и хэкІыпІэхэр къагъуэтыну. Уэрамым къыдыхьа цІыхухэм яІыгъщ бюрократие Іуэхухэр ягъэмэщІэным, кІэлъыплъыныгъэ ткІийхэр къэгъэтІэсхъэным къыхуезыджэ плакатхэр.

ПэкІур къызэригъэпэщащ экономикэм и унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэр къызэщІэзыубыдэ ІуэхущІапІи щэхэр зыхыхьэ зэгухьэныгъэхэм. Абыхэм щолажьэ цІыху мелуан 20-м нэблагъэ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, пэкІухэр щекІуэкІынущ Германием и нэгъуэщІ къалэхэми - Гамбург, Мюнхен, Штутгарт.

НОБЭ

♦**ДыщэкІым и дунейпсо махуэщ**

♦**1924 гъэм** Советхэм я етІуанэ съездым къыщащтащ СССР-м и япэ Конституцэр.

♦**1991 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ республикэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр.

♦**1996 гъэм** къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм зегъэужьыным теухуа къэрал программэр.

♦**1837 гъэм** къалъхуащ тхыдэдж, филолог, журналист **КІашэ Адэлджэрий**.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ адыгей уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, композитор, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Сэмэгу Гуэщнагъуэ**.

♦**1974 гъэм** къалъхуащ журналист **Ныбэжь Таисэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 7, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хабзэр убзэ зыфІэщІым хуэпщІэнум и ныкъуэр къегъанэ.

● Гу зылъытапхъэ

Фи узыншагъэр къевгъэпщытэ

Мазаем и 4-м, Лыщх узыфэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэм, Республикэ онкодиспансерым «бжэ зэІухам и махуэ» щекІуэкІынущ. Дохутырхэм захуэвгъэзэфынущ сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 13-м пщІондэ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ екІуалІэхэм я узыншагъэр къапщытэнущ лыщх узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм еІэзэ ІэщІагъэлІхэм. Фи щытыкІэм елъытауэ диагностикэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІынущ.

Фи узыншагъэм и щытыкІэр зыхуэдэр къэфщІэнымкІэ щыІэ Іэмалыр блэвмыгъэкІыу, зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ дохутырхэм захуэвгъазэ.

ФызэкІуэлІэну хэщІапІэр: Налшык къалэ, Лермонтовым и цІэр зезыхьэ уэрам, Лыщх узыфэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ республикэ диспансерым и поликлиникэ.

Дохутырым и деж фыкІуэн ипэ къихуэу зевгъэтхын хуейкъым. ЩІыхьэпІэм деж волонтёрхэр къыщыфІущІэнущ. Паспортыр, СНИЛС-р, страховой полисыр фІыгъын хуейщ.

КъБКъУ-м къыпэплъэ зэхъуэкIыныгъэхэр

● ЩIэныгъэ

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым 2025 гъэм щекIуэкIыну ЩIэныгъэ зэхуэсхэм я япэ зэхыхьэгъуэр иджыблагъэ зэхэтащ. Абы къыщыжаIащ КъБКъУ-м зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ зэрыщыIэнур, ар и гъэпсыкIэ-зэхэлъыкIэми, и Iуэху зехьэкIэми теухуауэ зэрыщытынури къыхагъэщащ.

АПХУЭДЭУ КъБКъУ-м егъэджэныгъэ Iуэхухэмкlэ и проректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Лесев Вадим къызэрыхигъэщамкIэ, физикэмрэ есэпымкIэ институтымрэ химиемрэ биологиемкIэ институтымрэ зэхагъэхьэжынущ. КъищынэмыщIауэ, щIэуэ къэунэхуну институтым есэп гуэдзэмрэ информатикэмкIэ кафедрэри хагъэхьэжынущ. Есэпымрэ естественнэ щIэныгъэхэмкIэ институт цIэр зыгъуэтыну къудамэщIэр УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым къыхилъхьа унафэм тету зэрагъэпэщ. Апхуэдэ жэрдэмыр хуэунэтIащ есэпымрэ естественнэ щIэныгъэхэмкIэ егъэджэныгъэр нэхъыфIу зэтеублэным, егъэджэкIэ Iэмалхэм хэгъэхъуэным, «Лэжьыпхъэхэр-2030» мыхьэнэшхуэ зиIэ программэм къигъэув Iуэхугъуэхэр нэсу зэщIахъуным.

«Дызытет дунейм улъыщIэмыхьэу зехъуэж. Иджыри къыздэсым ди гъащIэм хэта Iэнатlэ куэд зэрыщытым хуэдэу адэкIэ мыкIуэфыныр зыхуэIуа щыIэкъым. IэнатIэхэр мыужьыхыжын папщIэ, бгъэдыхьэкIэщIэхэр къалъыхъуэ, технологием и IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп. Абы къикIырщи, щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэлъхьэн, абыхэм я зэпылъыпIэм къыщыхъу щIэхэр гъащIэм хэпщэн хуейуэ а щытыкIэм дыхуокIуэ. Арыххэуи, егъэджэныгъэ программэхэр зэхэлъхьэн, щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я кIапэхэр зэлъэгъэIэсауэ гъащIэм къигъэув Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэн хуей мэхъу. ЖаIэнкIэ хъунущ биологиемрэ есэпымрэ зэщхь гуэрхэр хэлъми, зы институту зэгуэбгъэхьэжыныр игъуэджэу. КъыбгурыIуэну щытщ а Iуэху еплъыкIэр. Ауэ, къызэрыхэзгъэщащи, гъащIэм щIэчэ имыIэу зэрызихъуэжым егъэджэныгъэри емыувалIэу хъуркъым. Дэ дызыхущIэкъур ныбжьыщIэхэм IэщIагъэ етыным и закъуэкъым, атIэ ахэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынри ди пщэрылъхэм ящыщщ, абы ди нэIэ тедгъэкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Дыщыпсэу щIыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэр абы гуэх имыIэу епхащ», - жиIащ Лесев Вадим.

КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Алътуд Юрэ зэрыжиIамкIэ, щIэныгъэхэр «зэгурыIуэрэ» щIэщыгъуэхэр къахуэгъэщIмэ, дунейм къытехьэ институтыщIэр къэхутэныгъэ лъэщхэм я утыкушхуэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым. «IэщIагъэлIхэр диIэщ, ди лэжьакIуэхэр дунейпсо утыкухэм ихьэфу, я къэхутэныгъэхэмкIэ пашэныгъэ щаубыду, зэпеуэхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ сыт щыгъуи къыщыхэщу апхуэдэщи, тчыну къытпэщылъ лъэбакъуэм фIагъыу къытхуихьынур хэпщIыкIыу нэхъыбэщ, абы шынагъуэу хэлъу къытщыхъум нэхърэ», - жиIащ КъБКъУ-м и унафэщIым.

Апхуэдэу дыдэу КъБКъУ-м электроникэмкIэ, робототехникэмрэ интеллект IэрыщIымкIэ институтыщIэ къыщызэрагъэпэщынущ, абы компьютер технологиехэмрэ хъыбарзехьэ шынагъуэншагъэмкIэ кафедрэр хагъэхьэжкIэрэ.

ЩIэныгъэ зэхуэсым нэгъуэщI зы Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэни къыщаIэтащ. ЗэрыхъумкIэ, колледжхэр институтхэм я унафэм къыщIагъэкIыжынущ. КъБКъУ-м и япэ проректор ГъукIэпщокъуэ Мурат зэрыжиIэмкIэ, колледжхэр щIэуэ къызэрагъэпэщыну Iэщlагъэрэ курыт щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ къудамэм и унафэм щIэтынущ.

Абы къищынэмыщIауэ, университетым егъэджэныгъэ политикэмрэ бжыгъэрылъанэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ къудамэ къыщызэрагъэпэщынущ.

Ауэ мыхьэнэшхуэ зиIэу, еджапIэм щеджэхэмрэ щылажьэхэмкIэ хъыбарыфIу къыщIэкIащ Къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэхынымкIэ IуэхущIапIэр (МФЦ) къызэрызэрагъэпэщыр. Абы и хэщIапIэр физикэмрэ есэпымкIэ институтым дяпэкIэ щыIэнущ.

«Ди лэжьакIуэхэм я псэуныгъэм епхауэ щIэх-щIэхыурэ тхылъымпIэ куэд зэрагъэпэщын хуейуэ IэнатIэ йохуэ. Ахэр абыхэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къыщалъыхъуэу, ублэмэ къакIэлъыкIухьыным махуэ псо щытекIуадэ къыхэкIыу зэрагъэпэщ. Апхуэдэ «къэкIухьыр» гъэмэщIэным теухуащ щIэуэ къызэдгъэпэщ IуэхущIапIэр. «Зы щхьэгъубжэкIэ» зэфIэкIыу, егъэджакIуэхэри студентхэри зыхуей тхылъымпIэр къыщыдахыфынущ зи гугъу тщIы IуэхущIапIэм. Ар икIи тыншщ, икIи дызыхуэныкъуэ Iуэхущ», - жиIащ Алътуд Юрэ.

Абы къищынэмыщIауэ, КъБКъУ-м стратегие программэхэр гъэзэщIэнымкIэ къудамэм и унафэщI Мэшыкъуэ Хъызыр университетым и зыужьыныгъэм теухуа пэхуэщIэхэр зэрыкIуатэ щIыкIэм, абы «Лэжьыпхъэхэр-2030» къэрал программэм къигъэув къалэнхэр зэрызэфIихым ехьэлIауэ къызэщIэзыкъуэж отчет ищIащ.

ЩIэныгъэ зэхуэсым КъБКъУ-м уIэгъэщ терапиемкIэ и кафедрэм и доцент, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Жетишевэ Иринэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр етынымкIэ къыщыхалъхьа жэрдэмыр даIыгъащ. КъищынэмыщIауэ, химиемрэ биологиемкIэ институтым и лэжьакIуэ зыбжанэм доцент цIэр хуагъэфэщащ. Апхуэдэу кандидат лэжьыгъэр гъэхьэзырынымкIэ къэхутэныгъэ зэщхьхэр езыгъэкIуэкI гуп мащIэхэм университетым и грант къахузэгъэпэщыныр игъуэу ЩIэныгъэ зэхуэсым къыщалъытащ.

Къыхэгъэщын хуейщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэр еджапIэм пщIэкIэ щеджэну щыщIэтIысхьэкIэ, уасэр и ныкъуэм хуэдизкIэ ягъэмэщIэныр игъуэу къызэралъытар, а унафэри зэдэарэзыуэ къызэращтар.

КъБКъУ-м щеджахэм фIыуэ ящIэж пщыхьэщхьэкIэ щызэхуэсрэ я зэш щытрагъэууэ щыта «БгъуэнщIагъ IэрыщI» («Грот») шхапIэр. ГъэщIэгъуэнщ абы и цIэр зэхъуэкIынымкIэ ЩIэныгъэ зэхуэсым къыщащта унафэри. ЖэрдэмщIакIуэхэр еджапIэм къекIуалIэ студентхэм яхэупщIыхьынурэ, шхапIэм и фIэщыгъэр зэрыщытам тетыныр яфIэтэрэзмэ, зэрыщытауэ къагъэнэнущ, ар зэблэхъуныр игъуэу жаIэмэ, нэхъыбэм къагъэлъагъуэмкIэ цIэр зэрахъуэкIынущ.

«Ди зэфIэкIхэм дыщыхэплъэж, ди къарур щIэрыщIэу къыщызэщIэткъуэж лъэхъэнэ дыхопсэукI. Дэ куэд тхузэфIэкIынущ, абыкIэ гурыщхъуэ зыри щыIэкъым. Ауэ мы зэхъуэкIыныгъэхэм дамыгъэгужьейуэ, ахэр ди лэжьыгъэр нэхъыфI зыщI жэрдэму къэтлъытэмэ, жыжьэ дыкIуэфыну къысщохъури, датевгъэлажьэ абыхэм, дывгъэщI ди еджапIэр нэхъ лъэщ, ди гуащIэр нэхъ ин. Дызытегушхуэ Iуэхугъуэхэм фIы куэд къазэрыдэкIуэр ди нэгу щIокIри, мы зэIущIэм дызыщытепсэлъыхьахэри абыхэм ящыщу къэдвгъэлъытэ. Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэри ди еджапIэр зэрефIэкIуэным, ди щIалэгъуалэм я IэнатIэр нэхъыфI зэрыщIыным хуэунэтIащ. Ар дигу идвгъэгъэлъ», - жиIащ зэIущIэм и кIэухым Алътуд Юрэ.

ШУРДЫМ Динэ.

ГъуэгуанитI щызэхэкI щIыпIэм

● Адыгэ лъагъуэжьыхэмкIэ

Кавказым и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ ноби узыщыхуэзэ адыгэ лъагъуэжьхэм ирикIуэн зи щIасэхэр Щхьэгуащэ и псыхъуащхьэхэмкIэ щыIэ бгыщхьэ Гъуазэрыплъ къуажэм дыкъыIукIащ.

ГУПЫМ, Щхьэгуащэ и тIуащIэр къызэднэкIри, къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ зыкъыщызэкъуэзых Хьэххъуафэпс и ныджэ бгъунжым щхьэщыт гъуэгум дытехьащ. Ауэрэ дыздэкIуэм, псы къуэпсхэм я къежьапIэхэр сэтей щыгу щыхъуж «къущхьэ зэIухуэпхъым» гъунэгъу дыхуэхъуащ.

ЗекIуапIэ быркъуэшыркъуэм дызыхуиша хуей зэлъыIухам и кум псы хъурей дахэ итщ. Абдежыр, лъэданэ зыщибгъанэми ухущIемыгъуэжын хуэдизу, псэтыншыгъуэщ. «Уэздыгъей закъуэм и гуэлым» (хыжьейм апхуэдэуи йоджэ) укъыпекIуэкIмэ, мэз Iуфэ гъуэгум адэкIэ уешэ, умыщIэххэуи узыIэпешэ: узрикIуэ лъагъуэм утеплъэкъукIмэ, къуэладжэ уэххэми уахуешэ.

Фэху нэхум дызэрихьар

Арат дэри къытщыщIар! Дызыхуехым дэгъэзеигъуэ защIэу дыкъыдэпщыжри, дызытехьапхъэ лъагъуэр къэдгъуэтыжащ. Иджы ар сэмэгумкIэт здэщыIэр.

Гъуазэ тхуэхъуам зы къуэ цIыкIуи дыдишауэ, дэри дезэшауэ, уэх гуэрым дыщхьэщишащ. Жыгышхуэхэм хуэегъэзыхыгъуэу дапхрыплъмэ, аддэ жыжьэу къуэ кIуэцIым жыг зэрымыт, удз кIырым зэщIищтэжа щIы нэщIышхуэ идолъагъуэ, мыдрей и нэзымкIэ къуршыпс цIыкIу щежэхыу.

Гу лъыдотэ абы и Iуфэхэми, хуейм къыщхьэщыт уэздыгъей абрагъуэхэм я лъабжьэми цIыху гупышхуэ зэрыщыпэкIум.

Дащыбгъэдыхьэм, фIэхъус зэтхащ, дызэрыцIыхуащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, ахэр мейкъуапэдэст, бгылъэ щIыпIэхэм къыщызыкIухьын фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм ящыщт. ДызыIущIахэм къыджаIащ мыпхуэдэ нэгузегъэужьыкIэмрэ мы щIыпIэхэм зыщаплъыхьынымрэ пащIын зэрамыIэр, удзылъэ фэхум нэху къыщекIыу, къыкIэлъыкIуэ махуэм Лагъуэ-Накъэ дэкI лъагъуэм техьэну зэрамурадыр. КъызэрыджаIамкIи, дэ, хы ФIыцIэ Iуфэм нэхъ псынщIэу дынэсын папщIэ, дызэрыгъуэзапхъэ зекIуапIэр бгыщхьэ лъащIэмкIэт здэщыIэр.

Дызыхуэза гупым я нэхъыжь Василий къыдиIуэкIащ дыкъыздихьа щIыпIэм зыщыдгъэпсэхууу, нэху ща иужь дежьэжмэ зэрынэхъыфIыр. Дэри щIалэ къэтцIыхуагъащIэр къызэрытхуэсакъыр ди гуапэ хъуащ. Арати, ди гупым хэтхэр дызэгурыIуащ абдежым дыщетIысэхыну.

Ди гъунэгъухэм зэран дахуэмыхъун папщIэ, тIэкIу дакъыпыIукIуэтри, чэтэн пщыIэхэр дгъэуващ. ЛэгъупыIэмпIэ зэфIэддзамкIэ пщэфIэнри зэфIэкIауэ, дыгъэри къухьэжарэ дакъэж мафIэми дыбгъэдэсу, и гъусэхэр къызэхинэри, Василий ди дежкIэ къекIуэкIащ.

Уэршэрэгъу тхуэхъуари ди щIэщыгъуэу, жьэгу пащхьэ мафIэми дыщыгуфIыкIыу дызэбгъэдэсащ МейкъуапэрэНалшыкрэ икIахэр. ЩIыуэпсым хуэсакъын, щIыналъэм ис лъэпкъхэм я тхыдэм, щэнхабзэм хэтщIыкIын зэрыхуейм, къинэмыщIхэми жэщыбг хъуху дытепсэлъыхьащ.

Псынэпс щIыIэтыIэм

ПщэдджыжьыIм жьыуэ дыкъызэфIэуващ. Пщыхьэщхьэм къызэхэдна хьэкъущыкъухэр къуршыпс къабзэкIэ ттхьэщIыжри, мафIэ ужьыхыжари зэщIэдгъэстыжащ.

Пасэу зыкъэзыужьа ди гъунэгъухэми я пэщэщэныр апщIондэху зэфIагъэкIати, къызэрехьэжьэу кIапсэ щIыкIэу щыдблэкIым, сэлам къыдахыжри, бгым хуекIуэкI лъагъуэм кIыхьу зытраукъуэдиящ.

Мыдрейуэ дыкъэнахэр, ерыскъы къэхуэбжар «тхьэрыкъуэф» Iэнэм тедгъэувэри, IэфIу дыздэшхащ. АпщIондэху нэхъри зыкъэзыIэта дыгъэм и бзийхэр ди пащхьэ къит мывэ бгырыпх екIуэкIми дыкъэзыухъуреихь жыгхэм я щхьэкIэми лъэIэсащ. Тэлай дэкIри, IэщIэм щежэх псынэпс цIыкIуми, дуней нэхум зэрыщыгуфIыкIыр къыуигъащIэу, къипщIыпщIыкIыу щIидзащ.

Гъуэгу техьэжахэмрэ дэрэ жэщ кIуам зыгъэпсэхупIэ тхуэхъуа «мэчанэр» ягъэдахэрт зи ныбжьыр илъэс щитIым нэсагъэн, зэкъуэшитIым хуэдэу зэбгъэдэт уэздыгъей жыгышхуитIым. А тIум я зэхуакум гъуэгу техьэрей цIыхуфI гуэрхэм даIулIа тетIысхьэпIэ щIагъуэм гупым хэтхэм зыщедгъэхуэхри, дызэгупсысхэмкIэ зэдэгуэшэн щIэддзащ:

- Еплъыт иджы ар зэрыхъум, - жытIэрт, - жыгхэм апхуэдиз щаныбжькIэ, абыхэм, дауи, адыгэ-абазэ лъэпкъхэм фIэкIа мы щIыналъэм щимыса лъэхъэни ялъэгъуащ.

Ежьэжыгъуэр къыщыблагъэм, гупым ди нэхъыжь Хьэбас зэуэ зыкъызэкъуихащ: «Еуэ, мо псы уэр цIыкIум деж зыщыдвгъэгъэпскI». Хэтыт абы хуэмейр! ЩIыпIэ гъэщIэгъуэнщ зи гугъу ищIари: псынэпсыр жыг гуэрэным хэкIуасэрти, макъышхуэхэр иригъэщIу, метритI зи лъагагъ нэпкъым зригъэхуэхырт, и лъабжьэкIэ аргуэру къыщыунэхужрэ архъуанэ куухэр иригъэщIу...

«Хъункъэ иджы» щыжытIэм, псынэпс щIыIэтыIэм дыкъыхэкIыжри, щхьэж къылъысыр и плIэидзэу, гъуэгу дытеувэжащ.

Дяпэ ищахэм далъэщIэмыхьэурэ, лъагъуитI щызэхэкI щIыпIэм дынэсащ. ДыкъэувыIэри, Iэгъуэблагъэр къэтплъыхьащ. ИжьымкIэ дэгъэзеигъуэ задэщ. АбыкIэщ, дауи, Лагъуэ-Накъэ бгыщхьэм и тафэр здэщыIэр. Ауэ, дэ а лъэныкъуэмкIэ демыхъуэпсэкIыу, бгым декIуэкI лъагъуэм дригъуэзэн хуейуэ къыджаIати, сэмэгумкIэ зеттащ. ИкIи къуэладжэхэм я щхьэкIэхэр щызэхыхьэж къущхьэзэIухуэпхъ сэтейм дытехьащ...

ЛЪАГЪУЭРЫКIУЭ Шухъыжьэ.

КъалэнышщIэхэр яубзыхуащ

КъБР-м щыIэ МВД-м Гъуэгухэм шынагъуэншэу щызекIуэным кIэлъыплъ къэрал инспекцэм и управленэм къыщапщытэжащ къызэднэкIа илъэсым я лэжьыгъэм кърикIуахэр. Абы хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ полицэм и унафэщIым и къуэдзэ Шаваев Арсен.

РЕСПУБЛИКЭ Къэрал автоинспекцэм и управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Бэджыдэ Юрэ къызэрыхигъэщащи, УФ-м гъуэгухэм зэрыщызекIуэ и хабзэр мелуанитIым нэс къызэпаудауэ ятхащ, абыхэм ящыщу мелуанрэ ныкъуэм щIигъур камерэхэм къызэрагъэлъэгъуам и сэбэпкIэ. Гъуэгум зэрыщызекIуапхъэ псынщIагъыр езыгъэлеяхэр мелуанрэ мин 700-м щIегъу, шофер 600 жэуапым ирашэлIащ чэфу рулым зэрыдэсым папщIэ, абыхэм ящыщу 342-р етIуанэу. Автомашинэр зезыгъакIуэхэу минрэ щитIым щIигъум къапщытэну ядакъым. Мини 4-м щIигъур рулым дэсащ машинэр зэригъэкIуэнымкIэ тхылъ ямыIэу е IэщIахауэ. Мин 12-рэ ятхащ гъуэгум и къыхуэкIуэ лъэныкъуэм техьауэ, автомашинэм и абджхэм кIыфI зыщI пленкэхэр тралъхьауэ мин 20-м щIигъу протоколхэр ятхащ. Жэуапым ирашэлIащ шофер мин 24-м нэс хуит зымыщI сигналыр уэим зэращIам къыхэкIыу, шынагъуэншэ бгырыпххэр къэгъэсэбэпынымкIэ хабзэм ебэкъуащ мин 200, сабийхэр къешэкIынымкIэ хабзэм щхьэдэхыу мини 9-м щIигъурэ къызэпаудащ.

Бэджыдэм къыхигъэщащ, сыт хуэдэу щытми, шынагъэ къыздэкIуэ зэрызекIуэ псынщIагъыр егъэлеинымрэ гъуэгум къыхуэкIуэм зэрыщемыплъымрэ зэрыарар.

- Мы илъэсыр къызэрихьэрэ республикэпсо профилактикэ рейдрэ Iуэхуу 83-м щIигъу едгъэкIуэкIащ, апхуэдэуи хъыбарегъащIэ-пропагандэ акцэу минрэ ныкъуэм щIигъу ядедгъэкIуэкIащ балигъхэмрэ сабийхэмрэ, - жиIащ IэнатIэм и унафэщIым.

Полицэм и полковник Бэджыдэ Юрэ къыхигъэщащ гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм щыхэкIуадэхэр нэхъри гъэмэщIэным, гъуэгум тетхэм я узыншагъэмрэ гъащIэмрэ хъумэным я къару псори зэрыхуэунэтIар.

Къэрал автоинспекцэм и щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэм хуагъэуващ ягъэзэщIапхъэу къапэщыт къалэнхэр. Абыхэм я нэхъыщхьэщ гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэр гъэмэщIэныр, гъуэгухэм сабийхэр щыхъумэныр, апхуэдэуи лъэсырыкIуэхэр шынагъуэншэу зекIуэныр къызэгъэпэщыныр.

Шаваев Арсен къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ 2025 гъэм Iэмал имыIэу къызэгъэпэщын зэрыхуейр Урысей Федерацэм Гъуэгум зэрыщызекIуапхъэ хабзэхэм ящыщу гъуэгум тетхэмрэ аварие щытыкIэмрэ ехьэлIауэ хэхауэ профилактикэ лэжьыгъэр зытегъэщIапхъэхэр.

ЗэIущIэр Iуэху гуапэкIэ иухащ. Я къалэнхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа лэжьакIуэ зыбжанэм КъБР-м щыIэ МВД-м и Iыхьэ тхылъхэр иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● УФСБ-м къэт

МелуанитIым щIигъу хэщIыныгъэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ IуащхьэмахуэрайонымI «Мылъкур зегъэкIуэнымкIэ и управленэ» муниципальнэ IуэхущIапIэм и унафэщIу щыта Мерзоев Ю. З. илэжьа щIэпхъаджагъэр.

КЪЫЗЭРЫЩIАГЪЭЩАМКIЭ, абы дэфтэр нэпцIхэр къигъэсэбэпри, цIыхугъэм и цIэкIэ иригъэтхащ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркым и щIыналъэ хэхауэ яхъумэм хыхьэ щIы Iыхьэ. А хабзэншагъэм крикIуащ сом мелуани 2-м щIигъу хэщIыныгъэ.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Карачаевск къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Мерзоев Ю. З. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ икIи условнэу илъэси 5 тралъхьащ, апхуэдэу къуэды иратынущ.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм щыщ Махуэ Анзор «Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъуфIщ. Иджыблагъэ ар редакцэм къытхуеблэгъащ, езым зэхилъхьа псалъэзэблэдзхэр къытхуихьри.

Анзор КъБКъУ-м и микроэлектроникэ къудамэр къиухащ, и IэщIагъэми куэдрэ ирилэжьащ. ЗэрыжиIэмкIэ, и адэанэм адыгэ газетым 1964 гъэ лъандэрэ Iэ традзэ, ар я унагъуэм щимылъаи ищIэжыркъым. Абы псоми еджэн яфIэфIщ, хабзэм, гъэсэныгъэм, щIэныгъэм, тхыдэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми ятеухуа гъэщIэгъуэн куэд къызэрытехуэми щогуфIыкI.

Анзэдэлъхубзэр фIыуэ зэрилъагъур, ар зэрищIэр къегъэлъагъуэ Махуэ Анзор зэхилъхьа псалъэзэблэдзми, абы фыпэлъэщмэ ди гуапэщ.

БИЦУ Жаннэ.

Анзор и псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **2**. Бжьэхуцым къыхэщIыкIа щэкI Iув лIэужьыгъуэ. 5. Зыгуэрым и кIэух, и кIуэдыжыгъуэ. **9**. Псы къызыдэж къуэ, бгы зэхуаку. **11**. Къэзыухъуреихь щIыпIэм хэIэтыкIа лъагапIэ. **12**. Муслъымэн диным тету зэрыпсэуным хуезыгъаджэ, хуэзущий псалъэ. **13**. Жыг лIэужьыгъуэ, и пхъафэр гъуабжэ фIыцIафэу, пхъэмыф трищIэу. **14**. Нарт хъыбарым хэт шы жэр. **19**. Дыгъэ къыщIэкIыгъуэм щIэплъыпIэм къыщищI плъыжьыгъэ . **20**. «... псалъэ» газет. **21**. Зи тхьэмпэхэр тIурытIу зэпэгъунэгъуурэ зытет, гъуэжьыфэ зыщIыхьэ фампIэ плъыжьым щIихъумэу пшхы хъу, хущхъуэу къагъэсэбэп плъыжь хъурей цIыкIухэр къызыпыкIэ удз лIэужьыгъуэ. **22**. Щыпсэу унэм блынкIэ къыхэгъэщхьэхукIа и зы Iыхьэ. **23**. Удауэ гъэжьа джэдыкIэ. **24**. Фэ, сыт хуэдэхэр ираугъуэну фащIэхэм, шырыкъущIэхэм къагъэсэбэп Iэмэпсымэ папщIэ. **29**. Iуэхугъуэ гуэрым и гъэзэщIакIуэ хъунумрэ гъэзэщIэн зэрыхуеймрэ къэзыIуатэ. **30**. Ху плъыжь лIэужьыгъуэ. **32**. Джэдуэм я тепщэ. **33**. Ягъэплъу щыгъын иратэу ирагъэув Iэмэпсымэ. **34**. ... **35**. Гум из хьэлъэ. **36**. Жыр тхьэгъу цIыкIуурэ зэрылъ шха джанэ. **37**. Псынщэ къуалэбзу лIэужьыгъуэ, и пщэр, и лъакъуэхэр кIыхьу. **38**. Псым щыпсэу хьэпщхупщхэм ящыщ, бэджым ещхьу лъакъуэ куэд щIэту. **39**. Псы Iуфэ чыцэхэм, мэкъупIэхэм щыпсэу бзу лIэужьыгъуэ.

Къехыу: **1**. Шэжыпсым былым лъатэ е мэл лъатэ шыуа халъхьэри, ахэр хэшыпсыхьа нэужь, къыщIэж псы шыугъэ гуащIэ. **3**. Мальхъэ яхуэхъунум я псэукIэр зрагъэщIэну ящI плъакIуэ. **4**. ТелевиденэмкIэ дыгъуасэ ... нэтыныр дигу ирихьащ. **6**. Зэгъэпэща, дэгъуэ. **7**. Зэрыжеихь унэлъащIэ. **8**. ЕкIуэлIапIэ имыIэу дзэ зыдэс къэщIыхьа. **10**. Шатэм джэдыкIэ хэкъутарэ зэIымыудауэ зы джэдыкIампIэ къихуа къэс щхьэхуэу хэлъу гъэжьа шхыныгъуэ. **15**. Муслъымэнхэм я диныр кърагъэщтэн папщIэ нэгъуэщI дин итхэм драгъэкIуэкI зауэ. **16**. Къуэш нэхъыжь. **17**. Iуэху къемызэгъ, мыхъумыщIагъэ. **18**. Къэбэрдей къуажэ, нартыху фIыуэ къызыщыкI. **25**. СудкIэ ягъэтIысахэр щаIыгъ унэ, лъэхъуэщ, хьэпс. **26**. ПхъэщхьэмыщхьэлIэужьыгъуэ. **27**. Джэду лъэпкъхэм ящыщ хьэкIэкхъуэкIэ пIащэ. **28**. Адыгэхэм мажусий диным щитам Тхьэм и цIэкIэ ягъэзащIэу щыта къафэ. **30**. Къэрэшей-Шэрджэсым зи хэку лъэпкъым ящыщ, бзэкIэ абхъазхэм, адыгэхэм, убыххэм я гъунэгъуу. **31**. Лъапщэм къэсу е лъагуэжыр лъэгуажьэм щIэуэ щыта лъатэ.

● Нобэ ДыщэкIым и дунейпсо махуэщ

Адыгэр и блэкIам щыхуеплъэкIыж лъэхъэнэщ

Адыгэхэм я IэпщIэлъапщIагъэм зиужьыным куэдкIэ сэбэп къыхуэхъуауэ къыщIэкIынщ Хэкум и щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр. Ахэр къулейт гъуаплъэкIэ, пцIийкIэ, мывэрэ ятIагъуэкIэ, пхъэкIэ. Тхыдэмрэ хъыбархэмрэ щыхьэт зэрытехъуэжщи, адыгэхэм я IэкIэ ящIа хьэпшыпхэм XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм щIэупщIэшхуэ яIащ, псом хуэмыдэу IэщэщIхэмрэ дыщэкIхэмрэ я Iэзагъэр зыплъыхьакIуэхэмрэ сондэджэрхэмрэ дуней псом щызэлъащIысырт.

ШЭРДЖЭС дыщэкIхэр адрейхэм къахэщырт Iэщэхэр зэрагъэдахэ IэмалхэмкIэ. Къамэкъухэмрэ сэшхуэкIхэмрэ къупщхьэм къыхащIыкIырт, тIыбжьэм - дыжьынрэ дыщэкIэ гъэщIэрэщIа кумбыгъэхэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, гъущIыкIэхэм адыгэхэр елэжь зэрыхъурэ илъэс мини 6-м щIегъу, гъуаплъэ лъэхъэнэм и дыщэ-дыжьын фIыгъуэхэм къыщыщIэдзауэ (Къэрал Эрмитажым и гъэтIылъыгъэ нэхъыфIхэм хэлъщ). Адыгэхэр зэрыIэпщIэлъапщIэм дыщрохьэлIэ нарт эпосми - Лъэпщ и лъэщапIэм. Ауэ псом хуэмыдэу къагъэсэбэпу щытар дыжьынырщ. А Iуэхугъуэр ди лъэхъэнэми къызэрыщIэрэщIэжыр гуапэщ, диIэщ абы хуэIэкIуэлъакIуэ нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри. Адыгэхэм «ДыщэкI» унэцIэр (дыщэм елэжь IэпщIэлъапщIэ жиIэу арац) зезыхьэхэр ноби зэрахэтыр щыхьэт техъуэми ярейщ мы IэщIагъэр лъэпкъым кууэ къызэрыдэгъуэгурыкIуам. Мы Iуэхум елэжьхэм ящыщ зыщ Шыкуэ Рустам. ЩIалэм и IэдакъэщIэкIхэр Мейкъуапэ, Черкесск, Ставрополь, Москва къалэхэм, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Ингуш республикэхэм ирагъэшэну хунэсащ, уеблэмэ абы ищIахэм щыщ Германиеми нэсащ.

АтIэ, уогупсыс, щIэныгъэ щыщымыIа зэманми псоми щапхъэ яхуэхъуу адыгэм къыдэгъуэгурыкIуа IэщIагъэм нобэ ухуеджэн хуей, хьэмэрэ ди япэ итахэм хуэдэу зыхуэбгъэсэфыну щыт, жыпIэу. Абы и жэуапыр къыдет Рустам: «ДыщэкI IэщIагъэр уэр-уэру къыпхуэщтэну къызолъытэ, Iэмал имыIэу ухуеджэн хуейуэ щыткъым. Си щхьэкIэ зэрызгъэунэхуащи, университетым сызэрыщеджа илъэсиплIым къыщысщIам еслъытмэ, мы IуэхумипIалъэрщызгъэунэхуарIэмэпсымэхэр зээгъэпэщу елэжьын щIэздза нэужьщ. ЗэфIэкI гуэр сиIэмэ, абыкIэ фIыщIэ зыхуэсщIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым дыщэкI Iэзэу исхэу Тумэхэ Аслъэнрэ Залымрэщ. Ахэр сэбэп къызэрысхуэхъуамрэ сэ езыри мы лэжьыгъэм къызэрымыкIуэу сызэрыдихьэхамрэ зэхэплъхьэжмэ, арагъэнущ си щIэныгъэм и лъабжьэр».

ДыщэкI IэщIагъэр Рустам къызэрыхиха щIыкIэр жыжьэ къыщожьэ: ар Къулькъужын къуажэм къыщыхъуащ, курыт школым щыщIэсым гъуазджэмкIэ гупжьейм кIуэурэ зи гугъу къытхуищI Тумэ зэкъуэшхэр абдеж гъунэгъу къыщыхуэхъуащ, абыхэм я лэжьыгъэхэм кIэлъыплъурэ езыри IэщIагъэм тегушхуащ. Нобэр къыздэсым и гъэсакIуэхэр абы сэбэп къыхуохъу, сыт хуэдэ IуэхукIэ захуигъазэми, я чэнджэщ егъуэт. Адыгэ гупсысэкIэ яIэу, адыгагъэ яхэлъу щытщи, IэпщIэлъапщIэхэр я Iуэху еплъыкIэкIэ зэтохуэ. ЩIалэр зэлэжьу хъуам адыгэхэм я щэнхабзэ, гупсысэ, дамыгъэ яхилъхьэну хущIокъу.

Шурэ лъэсрэ я зэхуакущ

- ДыщэкI IэщIагъэр ди лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыдогъуэгурыкIуэ. Нэхъыбэу зэлэжьу, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр зэрагъэдахэуи къызыхащIыкIыуи щытар дыжьынырщ, саутыр абы хэлъу. Къапщтэмэ, Кавказым ис лъэпкъхэм IэщэкIи фащэкIи къащхьэщыкIыу, псом нэхърэ нэхъ гуащIэу, жыджэру мыпхуэдэ IэщIагъэхэр зиIэу щытар адыгэращ. Нобэми ди IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр псоми къахощ, я теплъэкIи я щIыкIэкIи адрейхэм хуэдэкъым, - къыддогуашэ Рустам и гупсысэкIэ. - Илъэси 10 - 15 и пэкIэ ди лъэпкъ гупсысэр зыхуэдамрэ иджыпсту «дыкъызэрыушыжымрэ» шурэ лъэсрэ я зэхуакущ жысIэмэ, сыщыуэну къыщIэкIынкъым. Иджыпсту ди лъэпкъ IэщIагъэ, ди хабзэ жыпIэми, фIыуэ зыкъэдужьыжащ. ЖысIэнуращи, адыгэр и блэкIамрэ щыIэкIэ-псэукIэу иIамрэ щыхуеплъэкIыж лъэхъэнэм дыхэту къызолъытэ. Абы ипкъ иткIэ сэри си лэжьыгъэм кIуэ пэтми щIэупщIэ егъуэт. Уемызэшмэ, лэжьыгъэм зэрызебгъэужьын гупсысэрэ мурадрэ уиIэмэ, жыжьаплъэу ущытмэ, мы IэщIагъэр узыIэтыфынухэм ящыщщ. Кавказми Урысейми къищынэмыщIауэ, уеблэмэ дуней псом абы ухишэфынущ.

Iуэхур зэрыбунэтIщ

Шыкуэ Рустам зыкъыхуэзыгъазэр мащIэкъым, и IэдакъэщIэкIхэм я фIагъри нaIуэу къегъэлъагъуэ хьэпшыпхэм уасэфI зэрыхуагъэувым. Абы ищIа къамэм сом мини 150-рэ, дыщэ хужькIэ щIарэ мывэ лъапIэ ису зэлэжьа Iэлъыным сом мин 250 я уасэщ.

- Нэхъыбэу сфIэфIу, нэхъ сфIэгъэщIэгъуэну сызэлэжьыр къамэрэ сэрэщ. Апхуэдэуи сощI хьэзырхэр, цIыхубз, цIыхухъу бгырыпхэр, нэгъуэщIхэри, - жеIэ дыщэкIым. - Iэльын, тхьэгъу жыхуэтIэхэм адыгэ ныпыр тету сощI. Апхуэдэ хьэпшыпхэрщ цIыхум нэхъ яфIэгъэщIэгъуэныр. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, къызэрыхэзгъэщащи, ди лъэпкъ ныпыр я псэм щыщ Iыхьэ гуэру къалъытэу зэрыхъужарщ. А дамыгъэр нобэ адыгэу зызыбжыж дэтхэнэми ецIыху. ИлъэсипщIыр гъащIэм щыщу куэд хъуркъым, ауэ абы къриубыдэу апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къэхъуащ. Адыгэм и тхыдэкIи, и ныпкIи, и фащэкIи, и IэпщIэлъапщIагъэкIи фIыуэ къызэрыщIэрэщIэжам ди щхьэр лъагэу дегъэIэт. Сэ къэкIуэну зэманми нэхъыбэу сызэлэжьынур адыгэ гупсысэ хэлъу, лъэпкъ дамыгъэхэр тету хьэпшыпхэр щIынращ. СыщIохъуэпс адыгэ тхыпхъэ зытет Iэлъынхэмрэ тхьэгъухэмрэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуну. Iуэхум жэуаплыныгъэ хэлъу узэрыбгъэдыхьэм псори елъытащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сабийр иунэтIынырщ егъэджакIуэм и къалэн нэхъыщхьэр

Болэ Алесэ Плановскэ (Ботэщей) къуажэм дэт етIуанэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэщ, абы и унафэщIым гъэсэныгъэ IуэхухэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и чэнджэщэгъущ, школым хэт ныбжьыщIэ театрым и унафэщIщ, КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэныгъэ щызэригъэгъуэтащ. Курыт еджапIэм къекIуалIэхэр еджэным дегъэхьэхыным, творческэ зэфIэкI зиIэ сабийхэр къэхутэным, литературэр къагурыIуэу егъэсэным, хэкупсагъэм хуэущииным теухуауэ бзылъхугъэм хузэфIэкIыр куэд мэхъу. Алесэ депсэлъащ и IэщIагъэм хэлъ щэхухэмрэ къигъэсэбэп Iэмалхэмрэ теухуауэ.

- Алесэ, егъэджакIуэ IэщIагъэр къызэрыхэпхам абы узэрыпэрыуvам къытхутепсэлъыхьыт.

- ЕгъэджакIуэ сыщIэхъуар курыт еджапIэм урысыбзэмкIэ дыщезыгъэджа Къалэбатэ (Къазий) Еленэ щапхъэ зэрысхуэхъуар арауэ къыщIэкIынущ. Дерсхэр хьэлэмэту иригъэкIуэкIырт, урыс классикэм лъагъуныгъэ худигъэщIырт, литературэм дыдригъэхьэхырт. Ленэ сыхуэарэзыщ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар псэужкъым.

Школыр 1994 гъэм къэзухащ. А зэманым ирихьэлIэу ар школым и унафэщI ящIат. КъБКъУ-м сыщIэтIысхьэну экзамен щыстым щыгъуэ, си егъэджакIуэр си адэ-анэм ящIыгъуу накIуэри, сыкъыщIэкIыжу си Iуэху зэрыхъуам и хъыбарыр яжесIэху къыспэплъащ. Аращ егъэджакIуэм и лъагъуэм сытезышар.

Ещанэ курсым сыщIэсу, сэ къэзуха школым урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу згъэзэжащ. Унагъуэ сыхъури, си лэжьапIэр схъуэжын хуей хъуащ, Тэрч къалэм дэт етIуанэ курыт еджапIэм сыкIуащ. ЕджапIэм и унафэщIу щыта Дадэ Аслъэн икъукIэ тыншу сыдэлэжьащ. Лэжьыгъэри, унагъуэри, еджэнри зэдэсхьыфырт - сыщIалэти псори сфIэхьэлэмэтт. ИтIанэ срагъэблэгъащ а зэманым Тэрч дэта еянэ интернатым. Абы щыгъуэ щхьэгъусэми сыбгъэдэсыжтэкъым, цIыкIуу сабиитI сиIэт. Гугъу сехьми, илъэс пщыкIузкIэ (интернатыр зэхуащIыжыху) сыщылэжьащ абы. Пщэдджыжьым щегъэжьауэ шэджагъуэ хъуху сыегъэджакIуэт, шэджагъуэм щIэздзэрти, пщыхьэщхьэ хъуху сыгъэсакIуэт. Гугъу пэтми, си лэжьыгъэм гурэ псэкIэ сыбгъэдэтт, си щIэщыгъуэр икIыртэкъым, злэжьым гукъыдэж къыхэсхыфырт. Си лэжьэгъухэр гуапэ защIэт. Илъэсий мэхъу IуэхущIапIэр зэрызэхуащIыжри, ноби дызэрощIэ, дызэхуэгуапэщ.

Интернат нэужьым, Плановскэм дэт етIуанэ курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу сыкIуащ, абы нэгъуэщI IэнатIэ зэхуэмыдэхэми сыщыпэрытащ. Илъэс етIуанэ хъуауэ ди еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ сричэнджэщэгъущ.

- ЩIэблэр еджэным дебгъэхьэхыну гугъу?

- ЩIэблэр тхылъым дебгъэхьэхыныр гугъущ ди зэманым. Компьютерри телефонри зэран хъууэ си гугъэщ. Псори къызыхуэтыншэуи ди гугъэр хэтхыжын хуэдизу ди Iуэхур мыщIагъуэуи схужыIэнукъым. Нэхъыжь классхэм щIэсщ IэщIагъэ яхуэхъунур иджыри къыхэзымыха. Ар си жагъуэщ, псалъэм папщIэ. Литературэм дихьэххэм я бжыгъэри нэхъыбамэ нэхъыфIт. «Евгений Онегин», «Война и мир», «Преступление и наказание», «Тарас Бульба», «Капитанская дочка» тхыгъэ хьэлэмэтхэм дауэ узэрыдимыхьэхынур!? Пэжщ, гугъу хъуащ сабийхэм уадэлэжьэну. Ауэ дэри Iэмалхэм дыхуокIуэ. ЕгъэджакIуэр щапхъэ хъумэ, абы литературэ тхыгъэхэм теухуауэ иIэ гупсысэхэр и гъэсэнхэм я деж нихьэсыфмэ, и къалэнхэм зэрапэлъэщым и нэщэнэщ. Сыт егъэджакIуэм е гъэсакIуэм и къалэн нэхъыщхьэр жыпIэмэ, сабийр зыхищIэнырщ, абы и зэфIэкIхэр къилъагъуфу иунэтIынырщ. Сытри гъэщIэгъуэн зыщыхъухэри яхэтщ ди еджакIуэхэм. Ахэр куэдым щIоупщIэ, загъасэ, запсыхь.

Литературэм хузиIэ лъагъуныгъэр нэгъуэщIми къыхокI. БалигъыпIэ сыщиувэ зэманхэм усэ стхыуэ щытащ. Иджыри прозэ, статьяхэр сотх, газетхэм къыщытрезгъадзи щыIэщ. Сабийхэм папщIэ шыпсэ, рассказ зыбжанэ сиIэщ. Ахэр урысыбзэкIи адыгэбзэкIи газетхэм къытрадзащ.

Хъарзынэу къызэхъулIэхэм ящыщщ сабийхэр зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм яхуэгъэхьэзырыныр. Зэпеуэ хэзгъэхьэ си сабийхэм япэ увыпIэхэр куэдрэ къахь.

- Курыт еджапIэм деж щылажьэ «Сабиигъуэм и унэтIакIуэ» проектри уи нэIэ щIэтщ.

- Си къарумрэ зэфIэкIымрэ згъэунэхужмэ сфIэфIу сыпэрыуващ а IэнатIэщIэми. Езыр къызэрыунэхурэ илъэсиплI хъууэ арац, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм егъэщIылIа урысейпсо сабий центрым дыхэтщ. Си лэжьыгъэр зыхуэгъэпсар щIэблэр хэкупсэу гъэсэнырщ. А IэнатIэм сызэрыпэрытым ипкъ иткIэ, иджыблагъэ Москва сыщыIащ си щIэныгъэм хэзгъэхъуэн IуэхукIэ. Республикэм щыщу абы дыкIуащ цIыху 54-рэ. ТхьэмахуэкIэ лекцэ гъэщIэгъуэнхэр диIащ, дерс щIэщыгъуэхэм дыщIэсащ. Дыхуагъэхьэзыращ щIэблэм къэралым и тхыдэр, и хабзэхэмрэ и щэнхабзэхэмрэ ящыдмыгъэгъупщэным, зыщыпсэу щIыналъэм лъагъуныгъэ хуаIэным хуэдущиинымкIэ Iэмалхэр къэдгъэсэбэпыфу. Мы зэманым абы и IуэхукIэ лэжьыгъэшхуэ идогъэкIуэкI. Росдетцентрым къытхурегъэхь мазэм къриубыдэу ди гъэсэнхэм дазэрыдэлэжьэну мардэхэр къыщыхьа тхыгъэр. «Студентхэм я махуэр», «Ленинград блокадэм къызэрыIэщIахам и махуэр», «Холокостым хэкIуэдахэм я махуэр» - абыхэм иужьрейуэ делэжьащ.

«Сабиигъуэм и унэтIакIуэ» Iуэхум сызэрыхэлэжьыхьым папщIэ республикэм ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ, ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэхэм къабгъэдэкIыу мызэ-мытIэу щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къысхуагъэфэщащ.

- Фи курыт еджапIэм щыIэ ныбжьыщIэ театрым уриунафэщIщ. Сытхэм фелэжьрэ?

- Илъэс зыбжанэ хъуауэ «Вдохновение» школ театрыр си нэIэ щIэтщ. Хуабжьу си гур хегъахъуэ ар зэрыдиIэм, абы хэт ди еджакIуэхэр утыкум нэхъ тегушхуэф зэрыхъур, я гупсысэхэр гъэщIэгъуэну къызэрызэрыкIыр, артист зэфIэкI гуэрхэри ягъэлъагъуэу зэрыщIадзар. Уеблэмэ еджакIуэхэр хэту фильм кIэщI цIыкIухэри тыдох. Апхуэдэу, «Взгляд из прошлого» зыфIэтща фильмыр КIыщ Мухьэдин илъэс 85-рэ зэрырикъуам и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIауэ щыта «Чегемский родник» зэпеуэм лауреат щыхъуащ. Ленинград и блокадэм теухуауи фильм кIэщI тетхащ. Зэхэгъэувэнри, къэгупсысынри, сабийхэм ядэлэжьэнри, фэилъхьэгъуэхэр къыхэхынри си пщэ дэлъщ, техынымкIэ къыздоIэпыкъу си лэжьэгъу Бэлэтокъуэ Рустам.

- Иджыблагъэ Дунейпсо арт комитетым щIэблэм яхэплъхьэ гъэсэныгъэм папщIэ медаль къыпхуигъэфэщащ.

- «Артиада народов мира» зэпеуэм си гъэсэнхэр хуэзгъэхьэзырат. ХъыджэбзиплI зэпеуэм хэзгъэхьати, дэтхэнэри япэ нагъыщэр зиIэ лауреат хъуащ. Iуэхум къыхэжаныкIахэр щагъэлъапIэ пшыхьым срагъэблэгъащ сэри. Си гъэсэнхэм щIыхь тхылъхэр къызэрыратыжынур сщIэрт, ауэ сэ апхуэдэ гулъытэ къызэрысхуащIынум хэсщIыкIIатэкъым. Арагъэнщ медалыр сэркIэ нэхъри лъапIэ щIэхъуар. ЩIэблэр хэкупсэу зэрызгъасэм, егъэджэныгъэ Iэмал щхьэпэхэр къызэрызгъэсэбэпым папщIэ «Творческэ щIалэгъуалэм щIыхь зиIэ я гъэсакIуэ» цIэ лъапIэр къысфIащащ. Абы щIыгъу медалыр къызитащ Дунейпсо арт комитетым и унафэщI Бейтыгъуэн Iэуес.

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Унагъуэ фермэхэм къахохъуэ

2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIа къызэрыхах зэхьэзэхуэм кърикIуахэм япкъ иткIэ, унагъуэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм зрагъэужьын папщIэ фермери 10-м ахъшэ грантхэр иратащ. Абы щхьэкIэ республикэми къэралми я бюджетхэм сом мелуан 67-м нэблагъэ къыхэкIащ.

ГРАНТХЭР зэрат щIыкIэм теухуауэ щыIэ хабзэм къызэрыхэщымкIэ, унагъуэ фермэу къалъытэ мэкъумэш, фермер IуэхущIапIэхэр, унагъуэм щыщу абы щылажьэхэр, унафэщIри яхэту, цIыхуитI е нэхъыбэ хъумэ.

Унейуэ зезыгъэтхауэ мэкъумэш, фермер IуэхущIапIэхэр зиIэхэм ехьэлIа хабзэхэри апхуэдэщ. Мыбдежми, я нэхъ мащIэрамэ, абы цIыхуитI щылэжьэн хуейщ, а псом къадэкIуэу, къуажэ щIыпIэхэм е цIыху мин 30 нэхърэ нэхъ мащIэ щыпсэу къалэ цIыкIухэмрэ жылэхэмрэ щатхауэ икIи абыхэм зыщрагъэтха махуэм къыщыщIэдзауэ зэрылажьэрэ мазэ 12-м щIигъуауэ щыту.

Грантхэр зрата фермерхэми къалэн зыбжанэ ягъэзэщIэну къапэщылъщ. Псалъэм папщIэ, ахэр шэсыпIэ ихьэнущ ахъшэр къыщрата махуэм щегъэжьауэ илъэситхукIэ зэпымыууэ лэжьэну икIи а пIалъэм къриубыдэу, гъэ къэс я хэхъуэр дэкIуейуэрэ «Унагъуэ фермэ» пэхуэщIэм къыщыгъэлъэгъуа мардэхэм нэсыну.

Дызыхыхьа илъэсми зи гугъу тщIа къэрал дэIэпыкъуныгъэр тыным пащэнущ. Иджыпсту абы ехьэлIауэ зэрылэжьэну хабзэхэр зэхагъэувэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Спартак-Налшыкым» ерыщу зегъэхьэзыр

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым 2025 гъэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» абы и япэ Iыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщрихьэлIащ.

Сурэтыр **УЭЛДЖЫР Артур** *трихащ.*

АПХУЭДЭХЭМ и деж зэрыхабзэу, зыгъэхьэзырыныгъэр къазэрехъулIар, адэкIэ зэлэжьыпхъэхэр зэхагъэкIын папщIэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ ирагъэкIуэкI хабзэщ. Ар мэрем кIуам щызэхэтащ «Спартак» стадионым и IэрыщI губгъуэм. Хэгъэрейхэм кърагъэблэгъат Нэзрэн и «Ангушт»-р.

«Спартак-Налшыкым» и фащэр ящыгъыу джэгур ирагъэжьащ нобэкIэ нэхъ лъэрызехьэу къалъытэхэу гъуащхьэтет Къумыкъум, гъуащхьэхъумэхэу КIэдыкIуейм, Гъуэгузокъуэм, Пириевым, Джыназым, гъуащхьэхъумэныкъуэхэу ХьэцIыкIум, Блийм, Далиевым, гъуащхьауэхэу Мэшыкъуэм, Хьэшырым, ЛIупым. Абыхэм къазэрыщыгугъыр ягъэпэжащ: зэIущIэм и пэщIэдзэм Блий Елдар бжыгъэр къызэIуихащ, куэд дэмыкIыу ЛIуп Ислъам ар игъэбэгъуащ. Бжыгъэр нэхъ иныжи хъуфынут, арщхьэкIэ ди щIалэхэм IэмалыфI зыбжанэ зэIэщIагъэкIащ.

Зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкIыр абы щынэхъыщхьэу футболистхэм я щытыкIэр зэрыщызэхагъэкIырщ икIи кIэух бжыгъэм мыхьэнэшхуэ дыдэ зэрищимыIэрщ. Битокъу Тимур зи унафэщI «Спартак-Налшыкым» и тренер гупыр, япэу къихьахэмкIэ арэзы хъури, джэгум и етIуанэ Iыхьэм щIалэщIэхэр къраутIыпщхьащ, нэхъыбэм я ныбжьыр илъэс пщыкIубл-пщыкIуий фIэкIа мыхъуауэ. Ингушым къикIахэм ахэр, дауи, тегушхуэгъуафIэ ящIащ икIи, топитI къыхудагъэкIыжри, зэрытемыгъэкIуауэ, 2:2-уэ, лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

- Зэрыхуэдгъэфэщауэ, джэгум и IыхьитIыр икъукIэ зэщхьэщыкIащ, - жиIащ зэIущIэ нэужьым «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур. - Япэм арэзы дыкъищIамэ, етIуанэм теухуауэ апхуэдэу схужыIэнукъым. ДакIэлъыплъыну къидгъэхьа щIалэгъуалэр нэхъ тегушхуауэ утыку итын хуейщ, псом хуэмыдэу 2:0-у утекIуэу укъыщахыхьам деж.

Махуэ зытхухкIэ загъэпсэхуауэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр мы мазэм и кIэухым къызэхуэсыжынурэ, зыгъэсэныгъэхэм и етIуанэ Iыхьэр ирагъэкIуэкIынущ. Абыи футболистыщIэхэм щыкIэлъыплъынущ икIи зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр щыдрагъэкIуэкIыну я мурадщ Ставрополь и «Агросоюз»-мрэ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Дзэ къулыкъум хохьэ

КъБР и Звезднэ поселкэм щыIэ Урысей гвардием и дзэ частым щекIуэкIащ дзэ къулыкъум хыхьэхэм тхьэрыIуэ ятыным хуэщIа Iуэху гуапэ.

АБЫ кърихьэлIащ дзэ частым и унафэщIхэм ящыщхэр, Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Хужьокъуэ Руслан, дзэ къулыкъур езыхьэкIхэм я Iыхьлыхэр.

- Мы Iуэхур фи гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэхэм ящыщ хъунущ. Дзэ Iуэхум пыщIа псори нэсу зэвгъэщIэным яужь фит, пщэрылъ къыфщащIхэм жэуаплыныгъэ пылъу фыбгъэдыхьэ,- къыхигъэщащ Хужьокъуэм.

Iуэху нэхъыщхьэр зэфIэкIа иужь щIалэхэм я Iыхьлыхэр епсэлъащ офицерхэм икIи зрагъэщIащ абыхэм къулыкъур щрахьэкIынухэр къызэрызэгъэпэщам.

БАХЪСЭН Азэмэт.

ГъэпцIакIуэхэм щахъумэ

Налшык къалэм щыпащэ «ЗэщIыгъуу гъэпцIакIуэхэм дапэщIэтщ!» лэжьыгъэм. Ар хуэунэтIащ финанс Iуэхум хэщIыкIыныр егъэфIэкIуэным, IT-щIэпхъаджагъэхэм щыхъумэным.

УРЫСЕЙ МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм мы лэжьыгъэ щхьэпэр ядригъэкIуэкIащ школакIуэхэм, къалэм и администрацэмрэ Кэнжэ къуажэм щыIэ амбулаторэмрэ я лэжьакIуэхэм. Iуэхур щекIуэкIым полицейхэмрэ абы хэтхэмрэ хэплъащ гъэпцIэныгъэ нэхъ зызыубгъуахэмрэ апхуэдэхэм интернет-сервисхэм зэрызыщыпхъумэнумрэ.

Хабзэхъумэхэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ цIыхухэм Интернет бэджыхьым къащыпэплъэнкIэ хъуну шынагъуэхэм, гурагъэIуащ гъэпцIакIуэхэм дзыхь зэрызыхуагъэщIыр, ягъэшынэурэ трагъэгушхуэ я ахъшэр къыхуагъэлъагъуэ счётхэм иралъхьэну. Инспекторхэм жаIащ лэжьыгъэм зыщыIууа апхуэдэ Iуэхухэр икIи чэнджэщ иратащ банкым е къарузехьэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэу жызыIэу къэпсалъэхэм дзыхь хуамыщIыну, къаIэрыхьа хъыбарыр къапщытэжыну.

- Банк зэмылIэужьыгъуэм я лэжьакIуэу жызыIэ пцIыупсхэм и псалъэмакъымрэ инвестицэхэм псынщIэу къыщыблэжьыну къагъэлъагъуэхэмрэ хэщIыныгъэшхуэм хуокIуэ. Фигу ивубыдэ: банкым и лэжьакIуэхэм зэи къывжаIэнукъым ахъшэр «счёт шынагъуэншэм» вгъэкIуэну, инвестицэхэм мылъку къыщыблэжьын папщIэ дзыхь зыхуэппщI брокерым ахъшэ хуебгъэхькIэ зэфIэкIкъым, - къыхагъэщащ хабзэхъумэхэм.

Псалъэмакъыр зыдрагъэкIуэкIахэм ягу къагъэкIыжащ уи аккаунтхэм я логинымрэ и паролымрэ, банк картэхэм узэрихьэр нэгъуэщIхэм яжепIэ зэрымыхъунур.

Iуэхухэм я кIэухыу полицейхэм памяткэхэр ягуэшри къызэхуэсахэм жраIащ яIэрыхьа хъыбар щхьэпэмкIэ я Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэмрэ цIыхугъэхэмрэ ядэгуэшэну.

УАРДЭ Жантинэ.

И гъэсэнхэм я цIэр мэIу

Лэскэн щIыналъэм Олимп джэгухэм хэтыфынухэр щагъэхьэзыр сабий спорт еджапIэ къыщызэрагъэпэщауэ щытащ 1977 гъэм. Иджыпсту абы спорт лIэужьыгъуибгъум щыхуагъасэ, псори зэхэту цIыху 950-м нэблагъэ къокIуалIэ. Спорт еджапIэм и унафэщIыр ДзыхьмыщI Мартинщ.

IЭЗАГЪЭ лъагэхэр зиIэ тренер-егъэджакIуэу 37-рэ, абыхэм ящыщу 28-м категорие ищхьэ яIэу, сабийхэм ядолажьэ алыдж-урым бэнэкIэмрэ бэнэкIэ хуитымкIэ, боксымкIэ, кикбоксингымкIэ, зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ, баскетболымкIэ, волейболымкIэ, футболымкIэ, зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэр спортым дегъэхьэхынми гулъытэ щыхуащI.

ЕджапIэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ дуней псом, Европэм, Урысей Федерацэм я чемпионхэр мыбы щагъэхьэзыращ. Абыхэм яхэтщ дунейпсо классымкIэ спортым и мастеру 5, УФ-м спортымкIэ и мастеру 35-рэ. А бжыгъэми къыхэхъуэ зэпытщ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр №185
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.